**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ФАКУЛЬТЕТИ ЖУРНАЛИСТИКА КАФЕДРАСЫ**

**ЖУГИНИСОВА ГУЛНАРА ЖАПБАРБЕРГЕНОВНАның**

**«Қарақалпақстан баспасөзинде инсан саламатлығы мәселесиниң сәўлелениўи («Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Шыпакер» газетасы мыасалында. 2009-2012-жыллар)» атамасындағы**

**5А320101 «ЖУРНАЛИСТИКА (хызмет түрлери бойынша)» қәнигелиги бойынша**

## Магистр

**дәрежесин алыу ушын усынылған**

# ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**Магистрлик диссертациясы журналистика кафедрасында көрип шығылды ҳәм қорғаўға усынылды.**

**Кафедра баслығы: ____________**
**Тарийх илимлериниң кандидаты**
**Д.Бекбаулиев**
**«___» «____» 2012-жыл.**

**Илимий басшы: _______**
**Филология илимлериниң кандидаты, доцент**
**З. Қожықбаева**

**НӨКИС — 2012**

**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**МАГИСТРАТУРА бөлими**

**5А 320101 «ЖУРНАЛИСТИКА (хызмет түрлери)» қәнигелиги**

**Мәмлекетлик аттестация комиссиясының**

**Қ А Р А Р Ы:**

**ЖУГИНИСОВА ГУЛНАРА ЖАПБАРБЕРГЕНОВНАның**

**«Қарақалпақстан баспасөзинде инсан саламатлығы мәселесиниң сәўлелениўи («Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Шыпакер» газетасы мыасалында. 2009-2012-жыллар)» атамасындағы**

**МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯ ЖУМЫСЫНА**

**« ____ » баҳасы қойылсын.**

**МАК баслығы:** ____________________

**МАК ағзалары:** ____________________

____________________

____________________

____________________

____________________

# Ж О Б А С Ы:

**КИРИСИЎ**

**I БАП** **Қарақалпақстан баспасөзинде медициналық мәдeният мәселеси**

I.1. Өзбекстан Республикасында инсан саламатлығының беккемлениўинде ҳүкиметлик қарарлар

I.2. Медициналық билим бериўде баспасөздиң орны («Еркин Қарақалпақстан» газетасы мысалында)

**II БАП** **Қарақалпақстан баспасөзинде «Шыпакер» газетасы**

II.1. Қарақалпақстан баспасөзиниң типологиялық бөлиниўинде медициналық басылымның орны

II.2. «Шыпакер» газетасы: тарийхы, жанры, промлематикасы

II.3. Газетада инсан саламатлығы тематикасына байланыслы рубрикалар

**III БАП** **Тәлим-тәрбия жумысларында медицина педагогика, психология илимлериниң өз-ара байланысы**

III.1. Жаслар ҳәм медициналық мәдeният

III.2. Публицистикалық мақалаларда медициналық терминлер

III.3. Журналистика ҳәм медицинада профилактикалық бағытлар

**ЖУЎМАҚЛАЎ**

**Изертлеу жумысында қолланылған терминлер сөзлиги**

**Пайдаланған әдебиятлар дизими**

# М А З М У Н Ы

**КИРИСИЎ ……………………………………………………….......….. 2**

**I бап. Қарақалпақстан баспасөзинде медициналық мәденият мәселеси …………...……………………………………….......... 7**

1.1. Өзбекстан Республикасында инсан саламатлығының беккемлениўинде ҳүкиметлик қарарлар.....................................................7
1.2. Медициналық билим бериўде баспасөздиң орны («Еркин Қарақалпақстан» газетасы мысалында)……………………..…..13

**II бап. Қарақалпақстан баспасөзинде «Шыпакер» газетасы ……. 17**

2.1. Қарақалпақстан баспасөзиниң типологиялық бөлиниўинде медициналық басылымның орны………………….…………..…17
2.2. «Шыпакер» газетасы: тарийхы, жанры, промлематикасы ……. 24
2.3. Газетада инсан саламатлығы тематикасына байланыслы рубрикалар……………………………………..……..………54

**III бап. Тәлим-тәрбия жумысларында медицина педагогика, психология илимлериниң өз-ара байланысы……………... 82**

3.1. Жаслар ҳәм медициналық мәденият ……………………………
3.2. Публицистикалық мақалаларда медициналық терминлер ….....
3.3. Журналистика ҳәм медицинада профилактикалық бағытлар.....

**Жуумақлаў ………………………………………………………… 105**

**Изертлеу жумысында қолланылған терминлер сөзлиги ……………..**

**Пайдаланған әдебиятлар дизими ……...……………………………… 111**

## КИРИСИЎ

Кең әлемди гезгениң,

Алдағыны сезгениң,

Сөзден маржан дизгениң.

Барлығы денсаўлықта.

Келисикли айбатың,

Шырай-көркиң, саўлатың,

Тасқынлаған ғайратың,

Барлығы денсаўлықта.

***Ж.Дилмуратов.***

## Магистрлик диссертация жумысының актуаллығы

Елимиз өз ғәрезсизлигин қолға киргизгеннен соң, республикамызда көплеген өзгерислер жүз берди. Әлбетте, бундай өзгерислер өз гезегинде ғалаба хабар қуралларын шетлеп өтпеди. Бул пикиримизге мысал ретинде Президентимиз И.Ә.Кәримовтың «Еркин ҳәм ғәрезсиз ғалаба хабар қураллары ҳәр тәреплеме раўажланыўы тийис. Олар ҳақлы рәўиште ҳәкимияттың төртинши тармағы болыўы керек»[1] деген пикирлерин келтирип өтиўимиз орынлы.

Дүньяда қанша өзгерислер жүз берген сайын, жәмийет қанша алға илгерилеп раўажланған сайын, инсанлар информацияға өзлеринде мүтәжликти сезеди. Олар дүнья жаңалықлары ҳаққында информациялардан хабардар болыўға умтылады, бул олардың ең жоқарғы талабы болып келеди. Бундай мүтәжлилик, бундай талаплар журналистлерге болып атырған ўақыяларды жәнеде кеңирек, тереңирек, оперативлик пенен сәўлелендириўдей ўазыйпа жүклейди. Сонлықтанда, Президентимиз И.Кәримов ғалаба хабар қуралларын «төртинши ҳәкимият» деп белгиледи. Себеби, ғалаба хабар қураллары үзликсиз рәўиште жәмийетимиз турмысын сәўлелендириў, оған шолыў жасаў ҳәм қайтадан тәсир жасаў ўазыйпасын орынлап келеди. Яғный, ғалаба хабар қуралларының баслы ўазыйпасы жәмийетлик турмысты сәўлелендириў, жәмийетлик пикирди қәлиплестириў ҳәм жәмийет ушын әҳмийетли информацияларды топлап, оны аудиторияға жеткерип бериўден ибарат.

Не ушын Президентимиз ғалаба хабар қураллары ҳаққында ҳәр бир шығып сөйлегенинде олардың еркин ҳәм ғәрезсиз болыўы кереклигин қайта-қайта тәкирарлайды? Себеби, ғалаба хабар қураллары еркин ҳәм ғәрезсиз болғанда ғана ҳәр қандай социаллық, сиясий, экономикалық ҳәм жәмийет өмири менен байланыслы ҳәм басқа барлық процесслер ҳаққындағы ҳақыйқатлықты сәўлелендириўи мүмкин. Ҳәттеки, баспасөздиң кең жәмийетшиликке тәсир күши ҳаққында «Мен жүз найзадан гөре, үш газетадан

---

[1] И.Ә.Кәримов «Ўзбекистон XXI асрга интилмоқда». Тошкент. «Ўзбекистон» 2000 йил. 173-бет.

көбирек қорқаман». Император Наполеон Бонапарт (1769-1821) Европа ҳүкимдарлары ишинен биринши болып журналист ҳәм газета әҳмийети ҳәмде қүдиретине үлкен баҳа берип, усылай деген.[2]

Ғалаба хабар қуралларында ислеўши журналистлеримиз дерлик барлық тараўда өзлерин көрсетпекте. Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап Президентимиз денсаўлықты сақлаў тараўына айрықша итибар берди ҳәм «Денсаўлық—адамның физикалық, руўхый, саналық өзгешеликлериниң жыйындысынан ибарат болып, инсанды узақ өмир көриў, татыў шаңарақ пайда етиў, балалардың саламат туўылыўы ҳәм оларды жетик етип тәрбиялаўдың тийкары болып есапланады»[3] деп денсаўлық ҳаққында өзиниң пикирлерин билдирип өтти. Нәтийжеде денсаўлықты сақлаў тараўы ҳаққында көплеген қарарлар ҳәм нызамлар («Өзбекстан Республикасы денсаўлықты сақлаў системасын реформалаўдың Мәмлекетлик Бағдарламасы ҳаққында», «Денсаўлықты сақлаў системасын реформалаўды және де тереңлестириў ҳәм оны раўажландырыў Мәмлекетлик Бағдарламасын әмелге асырыўдың тийкарғы жөнелислери ҳаққында», «Республикада медицина мәкемелериниң шөлкемлестириў дүзилисин ҳәм хызметин жетилистириў илажлары ҳаққында», «Аналар ҳәм балалар саламатлығын қорғаў, саламат әўладты қәлиплестириўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында» ҳәм «2009-2013-жылларда халықтың репродуктив саламатлығын беккемлеў, саламат бала туўылыўы, физикалық ҳәм руўхый жақтан наўқыран әўладты жетилистириў бойынша алып барылып атырған жумысларды және де күшейттириў ҳәм нәтийжелилигин асырыў илажлары Бағдарламасы ҳаққында», сондай-ақ «Республиканың аўыллық районларында аналар ҳәм балалардың саламатлығын беккемлеўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы ҳәм басқа да) қабыл етилип, булар бойынша тийисли илажлар исленбекте.

Ҳүкиметимиздиң денсаўлықты сақлаў тараўында жүргизип атырған сиясаты да, әмелге асырылып атырған реформалардың тийкарғы бағдары да

---

2 «Ўзбекистон матбуоти» журн. «Қанотли иборалар» мақала. Авт.журналист Ж.Сафоев. 45-бет.
3 «Саламатлық жылы» Мәмлекетлик бағдарламасынан. 2005-жыл.

елимиз пуқараларының саламат турмыс тәризине ҳәм саламат әўлад мәпине қаратылғанлығы менен әҳмийетли.

Ғәрезсизлигимиздиң өткен жигирма бир жылы ишинде халықтың саламатлығын ҳәм ылайықлы турмыс кешириўин тәмийинлеў ушын барлық зәрүрли шараятлар жаратылды. Ең әҳмийетлиси, инсанның қәдир-қымбаты, оның саламатлығы мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Өзбекстан Республикасының «Пуқаралардың денсаўлығын сақлаў ҳаққында»ғы Нызамына муўапық, мәмлекетлик емлеў-профилактика мәкемелери тәрепинен пуқараларға кепилленген медициналық ҳәм басқа түрдеги жәрдемлер көрсетилип атыр. Буның ҳуқықый негизи Өзбекстан Республикасы Конституциясының 40-статьясында мынадай деп көрсетилген: «Ҳәр бир адам қәнигели медициналық хызметтен пайдаланыў ҳуқықына ийе».[4] Көринип турғанындай, ҳәр бир адам өзиниң денсаўлығын сақлаў ҳәм беккемлеўден, ал, аўырған адам болса, ўақтында сапалы емлениўден мәпдар.

Елимизде ҳәр бир жылдың өзине тән атама менен аталыўы ҳәм де оның түп-тийкарында республикамыздың раўажланыўы, халықтың пәраўан жасаўы, инсан мәплери жәмленгенлигин аңлаў қыйын емес. Буны бир ғана денсаўлықты сақлаў тараўы мысалынан да көриўимизге болады. Бүгинги күнде медицина тараўына болған талап ҳәм зәрүрлик күн сайын күшейип бармақта.

Журтбасшымыз медицинаға үлкен итибар қаратып, жәмийетшиликке (мәмлекетке, халыққа) буны еле де кең пропагандалаўдай ўазыйпаны ғалаба хабар қуралларына жүкледи. Бул өз гезегинде ғалаба хабар қуралларында медицина темасының ҳәр тәреплеме кеңейиўине ҳәм медицина тараўы бойынша жазыўшы журналистлердиң жетилисиўине түртки болды. Нәтийжеде, Өзбекстан көлеминде баспасөзде тараўлық газеталар, арнаўлы рубрикалар, радиода еситтириўлер, телевидениеде көрсетиўлер шөлкемлестирилди. Бундай өзгерислерди Қарақалпақстан ғалаба хабар қуралларында да көриўимизге болады. Мәселен, баспасөзде тараўлық «Шыпакер» газетасы,

---

4 Жугинисова Г. «Ҳуқықларымыз кепиллиги». «Еркин Қарақалпақстан» газ. 26.11.2011-жыл №143 (19137).

республикалық басылымларда «Медицина», «Денсаўлық», «Шыпакердиң кеңеси» ҳәм тағы басқа да рубрикалар турақлы болса, телевидениеде «Саламатлық сырлары (айына 2 мәрте)», азанғы «Ассалаўма-әлейкум Қарақалпақстан» бағдарламасында «Шыпакердиң мәсләҳәти (ҳәр күни)», «Пайдалы мәсләҳәт-лер», сондай-ақ, радиода айына 4 мәрте 40 минут даўамында радио тыңлаўышлар менен туўрыдан-туўры байланыс орнатыўшы «Саламатлық сырлары», соның менен бирге «Саламат әўлад», «Шыпакердиң мәсләҳәти» (редакторы Д.Аманлепесова) еситтириўлери эфирге шыға баслады.

Республикалық газеталар қатары тараўлық газеталарда да медицина темасына айрықша итибар берилген. Елимиз ғәрезсизликке ерискеннен кейин «Шыпакер» газетасы жарық көрди. Бул тараўлық газета болыўына қарамастан республикамызда болып атырған жаңалықлар бойынша хабар жеткизиўши бирден-бир газета. Баспасөзде ислеўши ҳәр бир журналисттен медицина темасында материал таярлағанда (аналитикалық, информациялық ямаса көркем-публицистикалық) үлкен шеберликти, оперативликти талап етеди. Себеби, медицина темасында жазыўдың өзине тән қурамалықлары бар.

Мине усы тәреплерин итибарға алатуғын болсақ, демек, инсан саламатлығын сақлаўда ғалаба хабар қуралларының роли айрықша екенлигин теориялық жақтан тийкарлап, баспасөзде медицина темасының сәўлелениўин үйрениўимиз, магистрлик диссертация жумысымыздың актуаллығынан дерек береди.

Биз диссертация жумысымызда медициналық теманың ғалаба хабар қуралларының бир тараўы—газетада, конкрет аспектте, «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Шыпакер» газетасы мысалында сәўлелениўин үйрениўди мақсет еттик.

**Диссертация темасының изертлениў дәрежеси:**

Ғәрезсизликке ерискеннен соң, баспасөзде бир қанша өзгерислер көзге тасланбақта. Әсиресе, республикалық «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм тараўлық «Шыпакер» газетасында медицина темасына айрықша итибар берилип,

турақлы рубрикалар астында журналистлердиң тек информациялық емес, ал көркем-публицистикалық жанрға тән көплеген мақалалары жәрияланбақта. Бундай баспасөздеги өзгерислер ҳәм кейинги дәуирдеги жетискенликлердиң баслы себеби:

1. Президентимиз И.Ә.Кәримов медицина тараўына айрықша итибар қаратып, оның раўажланыўы ушын көплеген мүмкиншиликлер жаратып бермекте;
2. Медицина ҳаққында бир нешше қарар ҳәм нызамлар жәрияланып, булар тийкарында нәтийжели жумыслар алып барылмақта;
3. Медицина тараўын пропагандалаўда ғалаба хабар қуралларының ҳәм бул тараўда ислеўши журналистлердиң хызмети айрықша;
4. Медицина — күнниң әҳмийетли темасына айланғанлықтан, баспасөзде турақлы медицина рубрикалары, телевидениеде көрсетиўлер, ал радиода болса еситтириўлер қәлиплести.

Денсаўлықты сақлаў тараўы бууынлары, қәнигелери көп болғанлықтан журналистлеримиз түрли жанрларда қәлем тербетпекте. Солай екен, магистрлик диссертация жумысымызды ашып бериўде «Журналистика теориясы ҳәм практикасы»[5], «Журналистика тарийхы»[6], «Журналист дөретиўшилигинде шеберлик мәселелери»[7], медицина бойынша шығарылған

---

5 Прохоров Е.Н. Введение в теорию журналистики. Изд. РИП-Холдинг М.2000.
Ворошилов В.В. Журналистика. С-М 1999.
Бахриев К. Оммавий ахборот воситаларининг ҳуқуқий асослари. Т.2001.
Бекбаўлиев Д. «- Мен, редакциядан…» Нөкис. «Қ-стан» баспасы-1993.
Жумамуратова М. «Журналистика ҳәм әдебият». Н. 1995.
Уснатдинов Ш. «Журналистикаға кирисиў». Н. «Қ-стан» баспасы-2009.
Қожықбаева З. «Баспасөз: жанрлар. Макет. Дизайн». Н. 2011.
Машарипова Т. «Жанлы сөз». Ташкент-2011.

6 Абдуазизова Н. «Туркистон матбуоти тарихи» Т. 2000. Досымбетов К, Юсупов О. «Қарақалпақстан баспасөзи» Н.1989.

7 Эрназаров Т. «Репортёрлик фаолиятининг назарияси ва амалиёти» Т. 2002. Горохов В.М. «Осноы журналистическое мастерство». М. 1986.
Рэндалл Д. «Универсальный журналист». Алматы, 1997.

әдебиятлардан[8] ҳәм медицина бойынша шығарылған Пәрман, Қарар ҳәм Нызамлардан кең түрде пайдаланылды.

Магистрлик диссертация жумысымызда «Еркин қарақалпақстан» ҳәм «Шыпакер» газетасында медицина темасы дерлик барлық жанрларда (аналитикалық, информациялық, көркем-публицистикалық) ҳәм медицина функциялары тийкарында (аналитикалық, тәрбиялық) изертленеди. Диссертациялық жумыс денсаўлықты сақлаў тараўында басланған реформалар нәтийжесинде көрсетилген газеталарда медицина темасын изертлениўине тийкарланған. Денсаўлықты сақлаў тараўына байланыслы ҳәр түрли жанрларда қәлем тербеткен журналистлердиң дөретиўшилигиниң жанрлық, стиллик өзгешеликлери, журналистлик шеберлик мәселелери, медициналық мақалалардың тили, медициналық терминлердиң турмыста қолланылыў мәселелери өз-ара салыстырмалы аспектте изертленеди.

**<u>Жумыстың мақсети ҳәм ўазыйпалары:</u>**

Диссертация жумысымыздың мақсети соннан ибарат, ғәрезсизлик жылларында медицина тараўына итибар қанша күшейген болса, демек медицина темасының баспасөзде сәўлелениўи, ондағы жетискенликлер менен кемсшиликлерди үйрениўден ибарат. Усы тийкарда төмендегише бағдарда изертлеўди алдымызға мақсет етип қойдық:

- ✓ Ғалаба хабар қуралларында, әсиресе баспасөзде («Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Шыпакер» газетасы мысалында) медицина темасының сәўлелениўи ҳәм ондағы жанрлық, тематикалық, идеялық раўажланыў бағдарын изертлеў;
- ✓ Медицина темасында жазылған материаллардың жанрлық кемшилиги ҳәм жетискенликлерин илимий тийкарда баҳалаў;
- ✓ Медицина темасын таярлағанда журналистлик оперативлик;

---

[8] Турымбетова М. «Қарақалпақстанда медицина ҳәм денсаўлықты сақлаў тараўының раўажланыў тарийхы». Н. «Қарақалпақстан» баспасы-2006.

- ✓ Журналистлер медицина темасын сәўлелендириўде ҳәр қыйлы жанрлардан кең түрде пайдаланғанлығы ҳәм усы жанрлардың оперативлиги, ҳүжжетлилиги, идеялық-көркемлиги ҳәм илимий-теориялық жетискенлигин анықлап, булар ҳаққында қалыс пикирлеў;
- ✓ Тема таңлаў ҳәм оның идеясын бериўде шеберлик мәселесин анықлаў:
- ✓ Медициналық билим бериўдиң тәрбиялық әҳмийетин үйрениўден ибарат.

**<u>Изертлеў жумысының илимий жаңалығы</u>**

Изертлеў жумысымызды илимий әдебиятларды үйренип, газеталар тигиндилери менен танысып шығыўдан басладым. Илимий изленис барысында принципиаллықты, теманы ашыўда илимий тийкарларды негиз етип алдым. Қарақалпақстан Республикасында тараўлық газета есапланған «Шыпакер» газетасындағы медицина темасы изертленип атырған биринши жумыс. Усы тийкарда публицистикалық, илимий мақала жазыўға еристим. Тараўлық газетада медицина темасы ҳәр түрли жанрларда ашып берилгенлиги, биринши мәрте изертленгенлиги менен ажыралады. Жумысқа тийкар етип республикалық «Еркин Қарақалпақстан» газетасы менен тараўлық «Шыпакер» газетасы алынды. Жумыста медицина темасын ҳәр түрли жанрларда жәриялаўдың мүмкиншиликлери ҳәм журналистлик шеберлик мәселелери ҳәр тәреплеме ашылады.

**<u>Изертлеўдиң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети</u>**

Магистрлик диссертация жумысымыз миллий баспасөз мәселелерин, атап айтқанда, заманагөй қарақалпақ баспасөзи есапланған «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Шыпакер» газетасын теориялық жақтан изертлеўде мәлим дәрежеде көмекши қурал сыпатында хызмет етеди. Келешекте Қарақалпақстан журналистикасы тарийхын, журналистиканың ҳәр қыйлы

аспектлерин, мысалы, шеберлик, жанрлық эволюция ҳәм тағы басқаларды үйрениўшилерге жәрдем болады.

Соның менен бирге, ғәрезсизлик дәўириндеги миллий баспасөзде инсан саламатлығын сақлаўда ғалаба хабар қуралларының тутқан орнын ҳәм хызметин үйрениўди теориялық жақтан тийкарлап, баспасөзде медицина темасының сәўлелениўин үйрениўге ҳәрекет еттик.

Изертлеўдиң теориялық ҳәм әмелий әҳмийети ҳаққында айтатуғын болсақ, магистрлик диссертация жумысымыздың жуўмақларында ҳәм илимий изертлеў барысында алынған анализ нәтийжелеринен тараўлық журналистикаға қызығыўшылар, журналистика илими менен шуғылланыўшылар, студентлер, излениўшилер пайдаланыўына болады.

**Изертлеў объекти ҳәм предмети**

Бул диссертация жумысымыздың тийкарғы объекти сыпатында ғәрезсизлик дәўириндеги Қарақалпақстан баспасөзи, анығырағы республика—лық «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм тараўлық «Шыпакер» газеталары белгилеп алынды.

Жумысымызда базар қатнасықлары шараятында халықтың саламат—лығын сақлаў жәмийетлик турмысымыздың барлық тараўларына байланыслы екенлигине итибар берип, жетискенликлер, унамлы нәтийжелер, сондай-ақ, денсаўлықты сақлаўдағы машқалалардың, соның менен бирге медициналық термин сөзлердиң баспасөзде сәўлелениў мәселесин үйренемиз.

Изертлеўдиң предмети сыпатында республикалық «Еркин Қарақалпақ—стан» ҳәм тараўлық «Шыпакер» газеталарында «Денсаўлық», «Медицина», «Шыпакердиң кеңеси», «Кәсибиниң пидайылары», «Қарар ҳәм оның орын—ланыўы», «Президент қарарлары–ҳәрекетте», «Саламатлық мүйеши», «Таза—лық-денсаўлықтың гиреўи», «Саламат ана-саламат бала», «Денсаўлық-терең байлық», «Күнниң темасы», «Медициналық хызмет», «Инсанлар саламатлығы-ел байлығы», «Мийнет-мәртебеге жеткереди», «Жас аналар мектеби», «Бизиң заманласымыз», «Үлкемиздиң әжайып адамлары», «Кәсиплес ҳаққында сөз»,

«Медицина тарийхынан», «Билгениӊиз-пайдаӊыз» «Тәбияттыӊ өзи тәўип», «Шыпакер» қабыллаўында», «Шыпакер»диӊ ҳуқықый мәсләҳәтханасы» ҳәм тағы басқада рубрикалар астында жәрияланған медицина тематикасына бағышланған мақалалар үйренилди.

## Магистрлик диссертация жумысыныӊ теориялық ҳәм методологиялық тийкарлары

Магистрлик диссертациямыздыӊ методологиякалық тийкары сыпатында еӊ дәслеп Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларыныӊ Конституцияларына ҳәмде Өзбекстан Республикасы Президенти И.Ә.Кәримовтыӊ мийнетлеринде илгери сүрилген пикирлерди, Президентимиз тәрепинен қабыл етилген Пәрман ҳәм Қарарларды, Өзбекстан Республикасы Нызамларын ҳәм журналистика кәнигелигине тийкарланған авторлардыӊ мийнетлерин таӊлап алдық. Илимпазлардан: В.В.Ворошилов, Е.П.Прохоров, Ф.И.Агзамов, Қ.Т.Эрназаров, Ф.Мўминов, Н.Абдуазимова, Д.Бекбаулиев, М.Жумамуратова, З.Қожықбаевалардыӊ илимий изертлеўлери тийкарында жазылған мийнетлерине, сондай-ақ, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў ағласы, дөретиўши педагог-илимпаз Жумагүл Султанованыӊ (марҳум анам) үй китапханасына сүйендим.

Қарақалпақстан баспасөзинде медицина темасыныӊ сәўлелениўин үйрениўде журналистика тараўы, әдебият ҳәм педагогика, психология илимине тийисли фундаментал мийнетлерден де пайдаланылды.

## Магистрлик диссертация жумысымыз қурылысы

Жумыс Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети қарақалпақ филологиясы факультети журналистика кафедрасында орынланды. Бул тема бойынша төмендеги мақалалар баспасөзде жәрияланды:

1. «Қарақалпақстан баспасөз типологиясында «Шыпакер» газетасы»[9]

[9] Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлигиниӊ 20 жыллығы алдынан магистрантлардыӊ илимий мақалалар топламы. Нөкис-2011-ж.

2. «Саламат шаңарақты қәлиплестириў»[10]
3. «Аманат жанына азар жетпесин»[11].

Илимий темамыз Кирисиў ҳәм Жуўмақтан тысқары 3 баптан ибарат.

Кирисиў бөлиминде теманың актуаллығы, изертлениў тарийхы, илимий-әмелий әҳмийети, илимий жаңалығы, теориялық ҳәм методологиялық тийкарлары, жумыстың қурылысы ҳаққындағы мәселелер сөз етиледи.

Биринши бап: «Қарақалпақстан баспасөзинде медициналық мәдeният мәселеси» деп аталып, бул өз ишинде екиге бөлинеди. Биринши бөлим: «Өзбекстан Республикасында инсан саламатлығының беккемлениўинде ҳүкиметлик қарарлар» деп аталып, бунда денсаўлықты сақлаў тараўына байланыслы қабыл етилген ҳуқықый ҳүжжетлер, оның баспасөздеги көриниси, талап ҳәм нәтийжелер сөз етиледи. Екинши бөлим «Медициналық билим бериўде баспасөздиң орны («Еркин Қарақалпақстан» газетасы мысалында) деп аталып, бунда усы газетада медицина темасының берилиў өзгешеликлери, журналистлик шеберлик мәселелери изертленеди.

Екинши бап: «Қарақалпақстан баспасөзинде «Шыпакер» газетасы» деп аталады. Бул бап үш бөлимнен турады. Биринши бөлим «Қарақалпақстан баспасөзиниң типологиялық бөлиниўинде медициналық басылымның орны» деп аталады. Бул бөлимде тараўлық газетаның зәрүрлиги, тараўлық газетада жәрияланатуғын медицина темасы (мысаллар менен) талқыланады. Екинши бөлим: «Шыпакер» газетасы: тарийхы, жанры, промлематикасы» деп аталады. Бунда медициналық темадағы материаллардың идеялық, тематикалық ҳәм тәрбиялық әҳмийети, изертлеў жумысымыз барысында илимий әдебиятларды үйренип, газеталар тигиндилери менен жақыннан танысыў, принципиаллық, теманы ашыўда илимий тийкарлар негиз етип алынады. Үшинши бөлим: «Газетада инсан саламатлығы тематикасына

---

[10] Жугинисова Г. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 31-март 2012-жыл №39-40 (19190).
[11] Жугинисова Г. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы. 31-май 2012-жыл № 65 (19215).

байланыслы рубрикалар» деп аталып, рубрикалардың актуаллығы, сәйкеслиги салыстырмалы аспектте изертленеди.

Үшинши бап: «Тәлим-тәрбия жумысларында медицина педагогика, психология илимлериниң өз-ара байланысы» деп аталып, бул өз гезегинде төрт бөлимге бөлинген. Биринши бөлим: «Жаслар ҳәм медициналық мәденият» деп аталып, жәмийетте саламат турмыс тәризин қәлиплестириўде жаслар тәрбиясы сөз етиледи. Екинши бөлим: «Медициналық мақалалардың тили» деп аталып, медициналық мақалалардың сөзлик қурамы, оннан орынлы пайдалана билиў, қолланылған сөзлердиң мәнилериниң сәйкеслиги ҳәм бир-бирине үйлесимли келиўи, сөзлердиң, гәплердиң оқыўшыға түсиникли ҳәм анық жетип барыў мәселелерине дыққат қаратылады. Үшинши бөлим: «Публицистикада медициналық терминлер» деп аталады. Терминлер белгили бир турмыс тараўына ғана тийисли, сол тараўда жийи қолланыўы менен өзгешеленип туратуғын сөзлердиң бир бөлими болып табылады. Биз, магистрлик диссертациямызда публицистикалық шығарма-ларда медициналық терминлердиң қолланылыўына да тоқтап өткенди мақул көрдик. Төртинши бөлим: « Журналистика ҳәм медицинада профилактикалық бағытлар» деп аталып, бул бөлимде денсаўлықты сақлаў тараўы, саламат турмыс тәризи тийкарлары бойынша үгит-нәсият жумысларын жәмийетшиликке жеткериўде усы тараў қәнигелериниң, атап айтқанда шыпакер-журналистлердиң мийнетлери, сондай-ақ, данышпанлардың, дөретиўши инсанлардың денсаўлықты улығлаўшы қатарлары, халық медицинасы мәселелери келтириледи.

Магистрлик диссертацияның жуўмақлаў бөлиминде «Еркин Қарақал-пақстан» ҳәм «Шыпакер» газетасында медицина темасының бериливў өзгешеликлери ҳәм ҳәзирги жағдайына илимий жуўмақ бериледи.

Жумысымыздың және бир әҳмийетли тәрепи сонда, тема бойынша изленис барысында гәп ишинде қолланылған терминлерди ҳәм түсиндирме сөзлерди жыйнап, мәнисин анықлық киргизиўге ҳәрекет еттик.

Магистрлик диссертация жазыў процессинде илимий-теориялық әдебиятларды ҳәм медициналық терминлердиң энциклопедиялық сөзлигин үйренип шығыўға еристим. Жәмийетимиз ушын зәрүр болған усындай әҳмийетли бир тараў бойынша илимий тийкарлар жаратыў, заман талабына сай илгери адымлаў биз излениўшилердиң жуўапкершилигинде екен, өзлеримиздиң барлық билимимизди ҳәм тәжирийбеңизди жумсап, билдирилген исенимди ақлаўға тырысамыз. Алдағы ўақытлары белгили илимий жуўмақлар ҳәм шешимлер қабыллап, илимге өз үлесимди қосыўды мақсет етип қойғанман.

# I БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПАСӨЗИНДЕ МЕДИЦИНАЛЫҚ МӘДЕНИЯТ МӘСЕЛЕСИ

## 1.1. Өзбекстан Республикасында инсан саламатлығының беккемлениўинде ҳүкиметлик қарарлар

Ғәрезсизликтиң дәслепки дәўиринен баслап халықтың саламатлығын ҳәм ылайықлы турмыс кешириўин тәмийинлеў, аналықты ҳәм балалықты қорғаў, социаллық әҳмийетке ийе кеселликлерди емлеўде қолайлы шараятлар туўдырыў, жуқпалы кеселликлерди азайтыў ҳәм оларға қарсы илажларды күшейттириў, халықтың медициналық мәдениятын, билимин жетилистириў, физикалық жақтан саламат ҳәм руўхый бәркамал әўладты камал таптырыў, елимизде бәсекилесликке шыдамлы фармацевтика өнимлерин ислеп шығарыўды кеңейтиў, емлеў мәкемелерин жоқары технологиялық медициналық әсбап-үскенелер менен тәмийинлеў ушын барлық зәрүрли шараятлар жаратылды.

Медицинаның нормативлик-ҳуқықый тийкары есапланған «Пуқаралардың денсаўлығын сақлаў», «Мәмлекетлик санитария бақлаўы», «АИЖС (СПИД) кеселлиги профилактикаси», «Дәри-дәрмақлар ҳәм фармацевтика хызмети», «Ишиўшилик, нәшебекнтлик ҳәм токсикоман наўқасларды мәжбүрий емлеў», «Халықты туберкулёз кеселлигинен қорғаў», «Қан ҳәм оның компонентлери донорлығы», «Пуқараларға психиатриялық жәрдем көрсетиў», «Нәшебентлик ҳәм психотроп затлар», «Йод жетиспеўшилиги кеселликлери профилактикасы», «Балалар ҳуқықы кепиллиги», «Медицина хызметкери күнин белгилеў ҳаққында»ғы, 2010-жыл 27-июньдеги «Халық арасында микронутриент жетиспеўшилиги профилактикасы ҳаққында»ғы, 2011-жыл 5-октябрьдеги «Алкоголь ҳәм темеки өнимлериниң тарқатылыўы ҳәм де қабыл етилиўин шеклеў ҳаққында»ғы ҳәм басқа да Нызамлар қабыл етилди ҳәм әмелий зәрүрликке байланыслы қосымша ҳәм өзгерислер киргизилип, турмысқа енгизилди.

Сондай-ақ, медицинаның нормативлик-ҳуқықый тийкарларын жаратыў менен бирге тараўдағы биринши реформаларға тийкар болған Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 1996-жыл 21-майдағы 182-санлы «Аўыл инфраструктурасын социаллық раўажландырыў» ҳаққындағы Карары, мәмлекетимиз басшысы тәрепинен 1998-жыл 10-ноябрьде қабыл етилген «Өзбекстан Республикасы денсаўлықты сақлаў системасын реформалаўдың Мәмлекетлик Бағдарламасы ҳаққында»ғы 2107-санлы Пәрманы тараўдағы түпкиликли реформаларға тийкар болды. Буннан кейин 2002-жылы 5-июльда 242-санлы «Шаңарақта медициналық мәдениятты көтериў, аналардың денсаўлығын беккемлеў, саламат әўладтың туўылыўы ҳәм оны тәрбиялаўдың баслы бағдарламасын әмелге асырыў илажлары ҳаққында»ғы, 2003-жыл 23-февралда 3214-санлы «Денсаўлықты сақлаў системасын және де реформалаў ҳаққында»ғы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2002-жыл 22-августтағы 298-санлы «Тез жәрдем хызмети материаллық-техникалық базасын жақсылаў ҳаққында»ғы ҳәм 2003-жыл 25-августтағы 365-санлы «Жас жубайларды некеден алдын медициналық көриктен өткериў ҳаққында»ғы, 2003-жыл 2-декабрьдеги 537-санлы «Республикада қыстаўлы медициналық жәрдем хызметин раўажландырыў ҳәм жетилистириў ҳаққында»ғы, 2005-жыл 21-декабрьдеги 276-санлы «Медицина хызметкерлери мийнетине ҳақы төлеў системасын жетилистириў ҳаққында»ғы, 2007-жыл 19-октябрьдеги «Денсаўлықты сақлаў системасын реформалаўды және де тереңлестириў ҳәм оны раўажландырыў Мәмлекетлик Бағдарламасын әмелге асырыўдың тийкарғы жөнелислери ҳаққында»ғы ПП-3923-санлы Пәрманы ҳәм усы жыл 2-октябрьдеги «Республикада медицина мәкемелериниң шөлкемлестириў дүзилисин ҳәм хызметин жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-700-санлы, 2008-жыл 18-июньдеги 892-санлы «Балалықтан майыплардың туўылыўының алдын алыў ушын туўма ҳәм нәсиллик кеселликлерин алдын-ала анықлаўдың Мәмлекетлик Бағдарламасы ҳаққында»ғы ,ҳәм басқа да әҳмийетли Қарарлардың қабыл етилиўи әлбетте мәмлекетимиздиң халықты

социаллық жақтан қорғаўдағы ҳәм медицина тараўына болған итибардың әмелдеги көриниси болып табылады.

Усындай бағдарламалардың турмысқа енгизилиўи нәтийжесинде денсаўлықты сақлаў системасында медициналық хызмет көрсетиўдиң алдыңғы форма ҳәм усыллары қәлиплесип, бул инсан саламатлығын беккемлеў, оның орташа өмир көриўин узайтыў ҳәм турмысының сапасын жақсылаўға қаратылды.

Денсаўлықты сақлаў тараўында қолға киргизилген әҳмийетли табыслардан бири сыпатында ҳаял-қызларды қоллап-қуўатлаў, аналықты ҳәм балалықты қорғаў бойынша үлкен ислердиң әмелге асырылып киятырғанлығын айтып өтиў керек. Усы жөнелисти түптен реформалаў бойынша бир қанша ҳүкиметлик ҳүжжетлер ислеп шығылып, оларда белгиленген илажлардың әмелиятқа енгизилиўи даўам етпекте. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2007-жыл 19-октябрьдеги «Денсаўлықты сақлаў системасын реформалаўды және де тереңлестириў ҳәм оны раўажландырыў Мәмлекетлик Бағдарламасын әмелге асырыўдың тийкарғы жөнелислери ҳаққында»ғы ПП-3923-санлы Пәрманы ҳәм усы жыл 2-октябрьдеги «Республикада медицина мәкемелериниң шөлкемлестириў дүзилисин ҳәм хызметин жетилистириў илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-700-санлы Қарарлары тийкарында аналар ҳәм балаларға жоқары сапалы қәнигелестирилген медициналық жәрдем көрсетиўши акушерлик ҳәм гинекологиялық медицина орайы ҳәм көп тармақлы балалар медицина орайы шөлкемлестирилип, олардың материаллық-техникалық базасы беккемленди. Бул орайларда аналар ҳәм балаларға жәҳән стандартларына сай келетуғын жоқары сапада медициналық жәрдем көрсетилмекте. Сондай-ақ, аўыллық жерлердеги халыққа хызмет көрсетиўши аўыллық шыпакерлик пунктлериниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў, билимли кадрлар менен жетерли дәрежеде тәмийинлеў бойынша алып барылып атырған жумыслар нәтийжесинде аўыл халқына, атап айтқанда аналар ҳәм балаларға бирлемши буўында көрсетилип атырған медициналық хызмет сапасы өз нәтийжелерин берип атыр.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2009-жыл 13-апрельдеги «Аналар ҳәм балалар саламатлығын қорғаў, саламат әўладты қәлиплестириўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы ПҚ-1096-санлы ҳәм 2009-жыл 1-июльдеги «2009-2013-жылларда халықтың репродуктив саламатлығын беккемлеў, саламат бала туўылыўы, физикалық ҳәм руўхый жақтан наўқыран әўладты жетилистириў бойынша алып барылып атырған жумысларды және де күшейттириў ҳәм нәтийжелилигин асырыў илажлары Бағдарламасы ҳаққында»ғы ПҚ-1144-санлы ҳәм ең соңғы қабыл етилген Өзбекстан Республикасы Президенти И.Кәримовтың 2011-жыл 28-ноябрьдеги «Денсаўлықты сақлаў дизимин реформаластырыўды және де раўажландырыў ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-1652-санлы Қарарлары бунда әҳмийетли фактор болып хызмет етпекте.

Қарар талапларын орынлаў мақсетинде республика бойынша туўыў жасындағы ҳаяллар, жас өспиримлер ҳәм балаларды саўалландырыў илажлары, атап айтқанда 2 басқышлы «Саўалландырыў ҳәптелиги” өткерилмекте. Сондай-ақ, некеден алдын медициналық көриктен өткериў, балалар арасында жуқпалы кеселликлер тарқалыўының алдын алыў мақсетинде тастыйықланған календарь бойынша емлеў илажлары алып барылмақта. Халық арасынла микронутриент жетиспеўшилигиниң алдын алыў, ҳәмлениң нуқсансыз раўажланыўын ерте анықлаў мақсетинде ҳәмледарлар  скрининг тексериўинен өткерилмекте.

Мәмлекетимизде профилактикалық денсаўлықты сақлаўды женеде раўажландырыў, ең дәслеп, аўыллық жерлерде аналар ҳәм балалардың саламатлығын беккемлеў, «Саламат ана—саламат бала» мақсетли ҳәрекетин әмелге асырыў бойынша арнаўлы қарарлар қабыл етилмекте. Атап айтатуғын болсақ, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2010-жыл 22-июльде «Республиканың аўыллық районларында аналар ҳәм балалардың саламатлығын беккемлеўге байланыслы қосымша илажлар ҳаққында»ғы 156-санлы қарары қабыл етилди.  Қарардың орынланыўы бойынша аналықты ҳәм балалықты қорғаў, репродуктив саламатлық, саламат шаңарақты

қәлиплестириў, сондай-ақ, саўалландырыў хәптеликлерин өткериўге айрықша дыққат қаратылмақта. Усы ҳүжжетке муўапық, республиканың аўыллық районларында жасаўшы ҳәмледар ҳаяллар қурамында витаминлер ҳәм минераллар бар болған улыўма қуўатландырыўшы “Компливит-Мама-30” поливитаминлердиң арнаўлы комплекси менен тәмийинленбекте.[12]

Өзбекстанда тез медициналық жәрдем көрсетиўдиң миллий модели қәлиплестирилди. Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2009-жыл 21-майдағы «Тез медициналық жәрдем көрсетиў системасы хызметин жетилистириў ҳаққында»ғы ПҚ-1114-санлы қарары шықты. Республикамыздың барлық районларында оның бөлимлери дүзилген болып, оларда ең жоқары дәрежеде медициналық жәрдем көрсетиў ушын барлық шараятлар жаратылған. Ең әҳмийетли тәреплеринен бири, олар жоқары маман қәнигелер менен тәмийинленген.

Бул хызмет ҳаққында жазылған Өзбекстан хабар агентлигиниң арнаўлы хабаршысы Баҳор Ҳидированың «Қыстаўлы медициналық жәрдем шыпакерлериниң әнжуманы»[13], газетаның арнаўлы хабаршысы Б.Караматдинованың «Қыстаўлы медициналық жәрдем—заман талабында»[14], газетаның өз хабаршысы Қ.Реймовтың «Тез жәрдем көрсетиў шеңбери кеңеймекте»[15] атлы мақалалар арқалы кеңирек танысыўымызға болады. Көзимиз бенен айқынлық киргизиў мақсетинде Б.Карамтдинованың мақаласына көз жууыртайық:

«…Халыққа сапалы медициналық хызмет көрсетиў ушын биринши гезекте ең жоқары заманагөй әсбап-үскенелер менен бирге шыпакерлердиң билими ҳәм кәсиплик шеберлигин тынымсыз асырып барыў зәрүрлиги туўылады. Бул емлеў орнына соңғы еки жылларда 2 миллиард сум муғдарындағы заманагөй дабораториялық, диагностикалық әсбап-үскенелер алынды. Ең зәрүрли гемодиализ әспабы да халқымыздың саламатлығын беккемлеўге хызмет етпекте. Бурын усы әсбаптың республикамызда жоқлығынан наўқаслар Ташкент қаласына яки басқа ўәлаятларға барып емлениўге мәжбүр еди. Сонлықтан нешше инсанлардың өмири қәўип астында қалғанлығы да анық. Бүгинги күни ең кейинги модельдеги заманагөй

---

12 Жугинисова Г. «Ана ҳәм бала саламатлығы —ҳәмийше итибарда». «Ерк.Қ-стан» 19.№140.2011-ж.
13 Б.Ҳидирова, ӨзА. Сонда. 6-июнь №68 (18750) 2009-ж
14 Б.Караматдинова. «Қыстаўлы медицналық жәрдем—заман талабында». Сонда. 13.11.2010-ж
15 Қ.Реймов. Сонда. 12-июль №83 (19077) 2011-ж.

компьютер-томографиясы алып келинип, медициналық хызмет көрсетиўде шыпакерлердиң жумысын әдеўир дәрежеде жоқары сапаға көтермекте».

Мақала тексти менен толық танысып шыққанымызда филиал жумыслары, жетисkенликлерин жеткере алған. Демек, мақала атынан-ақ усы хызметтен сөз етилетуғыны көринип тур.

Реформалардың және бир тийкарғы бағдарларының бири бул —аймақта санитария-эпидемтологиялық турақлылықты тәмийинлеўден ибарат. Өзбекстан Республикасының «Мәмлекетлик санитария бақлаў хызмети ҳаққында»ғы Нызамының орынланыўын ҳәм халықтың санитария-эпидемиологиялық турақлылығын тәмийинлеў, олар ортасында жуқпалы кеселликлердиң тарқалыўына жол қоймаў мақсетинде республика аймағында бир қанша жумыслар әмелге асырылмақта. Усы жерде елимиздеги турақлы эпидемиологиялық жағдайды да атап өтиў керек. Республикамызда соңғы жыллары дифтерия, полиомиелит, столбняк, коклюш, қызылша ҳәм қызамық кеселликлери есапқа алынбады.

Мәмлекетимизде пуқараларға медициналық хызмет көрсетиўдиң ҳуқықый тийкарлары жаратылған. Тийкарғы Нызамымыз есапланған Өзбекстан Республикасы Конституциясында пуқаралардың барлық ҳуқық ҳәм еркинликлери ашық айдын баян етилген. Соның ишинде Конституцияның 2-бөлим «Экономикалық ҳәм жәмийетлик ҳуқықлар» ҳаққындағы бабының 40-статьясында «Ҳәр бир инсан арнаўлы медициналық хызметтен пайдаланыў ҳуқықына ийе» деп көрсетилген. Сондай-ақ, «Пуқаралардың денсаўлығын сақлаў ҳаққында»ғы Нызамның 13, 25-статьяларында да өз сәўлелениўин тапқан. Усы Нызамның 13-статьясында «Өзбекстан Республикасы пуқаралары денсаўлықты сақлаў бойынша қол қатылмаслық ҳуқыққа ийе. Мәмлекет жасы, жынысы, расасы, миллети, тили, динге мүнәсибети, социаллық келип шығыўы, исеними, жеке ҳәм жәмийеттеги орнына қарамастан пуқаралардың денсаўлығын сақлаўды тәмийинлейди. Мәмлекет пуқараларда кеселликлердиң ҳәр қандай формалары болыўына қарамастан, оларға кемситилиўлерден қорғалыўына кепиллик береди. Бул тәртипти бузыўда айыпкер болған шахслар Нызамда белгиленген тәртипте жуўапкер болады» деп айрықша атап өтиледи. Ал, усы Нызамның 25-статьясында болса «Пуқаралардың өз денсаўлығының жағдайы ҳаққында мағлыўмат алыў ҳуқықы медициналық хызмет көрсетиўдиң Конституциялық тийкарларынан бири. Ҳәр бир пуқара өз

денсаўлығының жағдайы ҳаққындағы мағлыўматты, соның ишинде тексериў нәтийжелери, қандай диагноз қойылғанлығы, кеселликтиң буннан кейин қалай өтиўине тийисли шамалаўлар, емлеў усыллары ҳәм бул усыллар менен байланыслы қәуип-қәтер, медициналық араласыўдың мүмкин болған түрлери ҳәм олардың ақыбетлери, әмелге асырылған емлеўдиң нәтийжелери ҳаққындағы мағлыўматларды алыў ҳуқықына ийе. Пуқараның денсаўлығы ҳаққындағы мағлыўматты оның өзине, 14 жасқа толмаған шахслар ҳәм Нызамда белгиленген тәртипте қатнасқа қәбилетсиз деп табылған пуқараларға денсаўлығы ҳаққындағы мағлыўматларды болса, олардың нызамлы ўәкиллерине, емлеў-профилактика мәкемесиниң емлеўши шыпакери, бөлим баслығы яки тексериў ҳәм емлеўде туўрыдан-туўры қатнасып атырған басқа қәнигелер береди. Кеселликтиң жағдайы унамсыз деп шамаланған жағдайда бул ҳаққында пуқараларға ҳәм егерде оның өзи шаңарақ ағзаларына хабар етиўди қадаған етпеген ҳәм бундай мағлыўмат бериў ушын қандайда бир шахсты тайынламаған болса, бийтаптың шаңарақ ағзаларына бойсынған ҳалда хабар етилиўи керек. Пуқараның талабына муўапық оған денсаўлық жағдайын сәўлелендириўши медициналық ҳүжжеттен көширмелер бериледи» деп көрсетилген.

Сондай-ақ, Өзбекстан Республикасы Шаңарақ Кодексиниң 17-статьясында «Некелесиўши шахслар республика денсаўлықты сақлаў системасы мәкемелеринде бийпул медициналық тексериўден өтеди. Медициналық тексериўден өтиў муғдары ҳәм тәртиби «Некелесиўши шахслардымедициналық тексериўден өткериў ҳаққында»ғы Нызамға, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003-жыл 25-августтағы қарарына тийкарланып әмелге асырылады. 50 жастан өткен некелесиўши шахслар медициналық тексериўден өз разылығы менен өткериледи. Бул да болса, медициналық хызмет көрсетиўдиң Конституциялық тийкарларынан бири болып есапланады.

## I.2. Медициналық билим бериўде баспасөздиң орны
## («Еркин Қарақалпақстан» газетасы мысалында)

Ғалаба хабар қуралларында ҳәмме нәрсе айнада сәўлеленгендей, халықтың көз алдында турады, әшкаралық, ҳақыйқатлық, ҳәзиржуўаплылық оның әҳмийетин белгилейди. Пуқаралар баспасөзге өзлериниң ишки дәртлерин, қуўаныш ҳәм тәшўишлерин баян етип, пикир ҳәм усынысын еркин түрде билдириў, анаў ямаса мынаў сораўларға жуўап алыў ушын хат жоллайды. Баспасөз бетлеринде басылып шығып атырған мақалаларда жәмийеттиң демократиялық еркинлиги, соның ишинде инсанның ҳүждан еркинлиги, пикир еркинлиги, сөз еркинлиги сыяқлы журналист мийнетлери айқын көзге тасланады.

Қарақалпақ халқының өз ана тилиндеги «Еркин Қарақалпақстан» газетасы республикамыздың ең туңғыш ҳәм ҳәзирги ўақытта әҳмийетли басылымы болып табылады. Газетаның дәслепки саны 1924-жылы шыққан болса да, өткен жыллар ҳәм дәўирлер ишинде халқымызға ҳәм дәўирдиң өзине сай бағдарына ылайық хызмет етип, ҳүкиметимиз тәрепинен жүргизилип атырған сиясатты халықтың кең қатламына жеткериўде, елди социаллық ҳәм экономикалық жақтан раўажландырыў жолында халықты саўатландырыў жылларынан баслап бүгинги күнге шекемги тарийхый дәўирлерди изге салды. Газета Қарақалпақстанның сиясий-тарийхый, руўхый-мәдений шежиресин дөретти. «Еркин Қарақалпақстан» бүгинги күнде де Президент пәрманларын, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси менен Министрлер Кеңесиниң қәўли-карарлары менен күнделикли жоба көрсетпелерин халықтың кең қатламына өз ўақтында жеткериўши, мийнет адамларын руўхландырыўшы халық турмысының айнасы дәрежесинде жумыс алып барып атыр.

Редакцияда барлық дәўирлерде де кадрлар мәселесине айрықша дыққат аўдарып келди. Қарақалпақстанды дүньяға таныткан республикамызға

белгили көп санлы сиясий ҳәм жәмийетлик искерлер, шайыр ҳәм жазыўшылар, көплеген илим ғайраткерлери бул редакцияда мийнет етип, дөретиўшилик шыңланыў ҳәм турмыс мектебин өтти.

Соңғы ўақытлары газетаның материаллық-техникалық базасы да жақсыланды. Газета заманагөй компьютерлерде терилип, баспадан шықпақта. Газета материаллары интернеттеги сайтына жайластырылып, дүнья жәмийетшилигиниң де нәзерине усынылмақта. Сондай-ақ, редакция жәмәәти келешекте жетик журналист қәнигелерди тәрбиялап шығарыўда аянбай мийнет етип киятыр. Басқа тараўлар сыяқлы медицина тараўы бойынша да дөретиўшиликте шыңланған журналисттиң усы жерде жумыс ислеп атырғанлығын атап өтиўимиз орынлы болар деп ойлайман.

Солай етип, «Медицина» рубрикасы ҳәзирги ўақытта газетадағы ең тез жарық көретуғын рубрикалардың бири есапланады. Және де медицинаға байланыслы Халықаралық белгили сәнелер бойынша да мақалар бериў үрдиске айланған. Мәселен, газетаның жақын күнлердеги санларын анализлеп қарағанымызда буны байқаўға болады. 31-май—Халықаралық темеки шегиўге қарсы гүресиў күни рубрикасы астында берилген «Аманат жаныңа азар жетпесин»[16] ҳәм 14-июнь—Халықаралық донорлар күни рубрикасы астында «Бүгинги күн қаҳарманлары»[17] атлы мақалалар аудитория дыққатын өзине қаратты десек қәтелеспеймиз. Газетада мақала мазмунын қамтыған сүўрет пенен ҳәм үлкен ҳәриплер менен бундай етип материалдың атамасын қойыў сийрек гезлесетуғын жағдай. «Аманат жаныңа азар жетпесин» мақалада автор фактлерди шеберлик пенен ислеткен. Оларға шолыў жасаған. Исенимли дәлиллеген. Мақаланың темасы адамды бирден өзине тартады. Теманың мазмуны материалдың тийкарын қурайды. Мақаланың темасы төрт сөзден ибарат. Узынырақ болғаны менен онда алфавитлик қатарлар сақланған.

---

[16] Г.Жугинисова. «Еркин Қарақалпақстан» 31-май №65 (19215) 2012-ж.
[17] Г.Жугинисова. Сонда. 14-июнь №71 (19221) 2012-ж.

Газетаның «Қарар ҳәм оның орынланыўы» рубрикасы газетада көп жыллардан берли таярланады. Бундай рубрика астындағы мақалалар еки ўазыйпаны атқарады:

Биринщиден; орынларда исленип атырған илажлар ҳаққында журналист изертлеўиниң нәтийжесин көрсетеди.

Екинщиден; газета оқыўшыларында сиясий-ҳуқықый билим көнликпелерин қәлиплестиреди.

Бир қызық фактти атап өтпекшимиз, медицина темасындағы материалларды анализлегенимизде, медицина қәнигелигиндеги авторлардан гөре журналист қәнигелигиндеги хызметкерлердиң материаллары сапалы шыққан. Газета тигиндилери менен танысып шыққанымызда «Денсаўлық» рубрикасы астында П.Меңлимуратованың ҳәм Р.Қыдырбаеваның бир қанша материалларын ушыраттық. Мәселен баспасөз материаллары тийкарында таярланған «Аспирин мың дәртке даўа… ма?»[18] мақаласында «------------------- --------------------------- ------------------------------------------------------------------ ----------------» деген қатарлар келтирилсе, Р.Қыдырбаеваның «Омыртқаңызды абайлаң!»[19] мақаласында «-------------------------------------» деген инсанның таяныш тиреги болған омыртқа ҳаққында пайдалы кеңеслер берилген. Жәнеде «Жүрек—бир өмирлик жолдасыңыз»[20] деген мақалада «---------------------------- -------------------- » Егерде бул мақалаларды азета хызметкерлери емес бәлким омыртқаны нейрохирург, травматолог, невропотолог, ал жүректи кардиолог таярлағанында бәлким мазмуны жағынан да, көлеми жағынан да парық болатуғыны тәбиййй. Журналист пенен қәниге арасындағы мақаланы таярлаў өзгешелиги ҳаққында сөз қозғағанымызда буған себепти биз шыпакер қәнигелер ҳәр ўақытта зәрүрлик туўылғанда ғана теориялық жағына сүйенип жазады, ал журналистлер ҳәр күни изленисте, жазыў ушын умтылыста болады, жазыў олардың тийкарғы жумысы демекшимиз. Бирақ,

[18] П.Меңлимуратова «Еркин Қарақалпақстан» 31-март №39 (18721) 2009-жыл
[19] Р.Қыдырбаева «Еркин Қарақалпақстан» 26-май №63 (18745) 2009-жыл
[20] Р.Қыдырбаев Сонда. 5-январь №2 (18840) 2010-жыл

халқымыздағы «Шымшық сойса да қассап сойсын» деген мақалдың мәнисин де умытпаған жөн.

Бүгинги күнде елимизде нәтийжели жумыс жүргизип атырған ғалаба хабар қураллары ушын беккем ҳуқықый база жаратылған. Жаңа редакциядағы «Ғалаба хабар қураллары ҳаққында»ғы Нызамға муўапық: «Ҳәр бир шахс баспасөзде қатнасыў, өз пикирин баян етиў ҳуқықына ийе».

«Еркин Қарақалпақстан» газетасы материалын үйренгенимизде «Миннетдаршылық» рубрикасында хатлардың берилгенлигин көрдик. Газета арқалы пуқаралар өз пикирин билдириўде бул рубриканың атқаратуғын хызмети үлкен. Енди усы рубрика астында берилген бир хаттың мазмуны төмендегише:

**Қоллары дәрт көрмесин…**

Күтилмегенде 5 айлық ақлығымыздың бирден дене ыссылығы көтерилип, албырадық та қалдық. Еле де үйимиз районлық емлеўханаға жақын болғанын айт. Ўақытты өткерместен емлеўханаға алып келдик. Нәрестени тексерип көрген шыпакерлер дәрҳал оны емлеўхананың реанимация бөлимине жатқарды. Сол жатыстан 9 күнге шекем баланың ыссылығы гә көтерилип, гә түсип, жөнлеспеди. Усы өткен күнлер ишинде медицина хызметкерлериниң атқарған хызметлерин тил менен айтып жеткериў қыйын. Қудаға мың қәтле шүкир, ақлығымыз Ерсултан 18 күн дегенде пүткиллей айығып, ошағымыздың басына аман-есен оралды. Мен бүгин сүйикли газетамыз арқалы баламызға қайта өмир берген, 18 күн даўамында бизге ҳәмдәрт (редакцияда хат қайта таярланғанда «дәртимизге дәртлес» деп алыныўы керек еди. Г.Жугинисова) болған, өзлериниң тынымсыз ҳәрекетлери арқалы Гиппократ антына садықлығын, пидайылығын көрсеткен ақ халатлы өмир сақшылары – Тахтакөпир районлық медицина бирлеспеси қыстаўлы медициналық жәрдем бөлиминиң баслығы Батыр Айтековқа, усы бөлимниң реаниматолог шыпакери Базар Таңсықбаеваға, районның бас педиатр шыпакери Бийбимәрьям Түгеловаға, мийирбийкелер

Замира Узақбергенова, Эльмира Шахарова, Жадыра Исенбаева ҳәм Әзима Өтеноваларға терең миннетдаршылығымызды билдиремиз. Илайым, бул инсанлардың өмири узақ, ошағының басы аман болып, кәсибинен камал тағып, қоллары дәрт көрмесин.

**Узақберген ЖОЛДАСБАЕВ,**

**Мийнет нураныйы. «Тахтакөпир» посёлкасы.**[21]

Пуқаралардың ҳуқықын қорғауда баспасөз нызам сыяқлы күшке ийе емес. Бирақ мәмлекеттеги ҳуқықты қорғаў уйымларының нәзеринен шетте қалған ямаса пуқаралардың редакцияға келген хатын үйренип шығып, ҳақыйқатында да ҳуқықбузыўшылық жағдайының жүз бериўи журналистлик тексериўде анықланса, буларды дәл ҳәм жазыў баспасөз хызметкерлериниң ўазыйпасы есапланады. Солай етип, «төртинши ҳәкимият» қалған үш ҳәкимиятқа жәмийеттиң раўажланыўына кери тәсир етиўши тәреплерин көрсетип, мәмлекет ҳәм пуқаралар ҳуқықын қорғаған жағдайда елимизде нызам үстинлигин тәмийинлеўде баспасөз ўазыйпаларын орынлап келеди.

Улыўма жуўмақ ретинде соны айтыўымыз мүмкин, көркем-публицистикалық жанрлардан пайдаланыў «Еркин Қарақалпақстан» газетасында қәлиплескен дәстүр. Буның екинши пайдалы тәрепи де бар. Бул — ҳәр бир инсанда өз саламатлығына болған жуўапкершиликти күшейтиў, сол арқалы медициналық билим бериў болып табылады. Журналист өз үстинде изленсе, оқыўшыға сонша билим ҳәм илимди жеткере алған болады. Жоқарыда шолыў жасаған материаллар арасында П.Хожамуратованың («Егер нәрестениң тилин билмесең…»[22], «Балалар көзинде муң көрмейик деп…»[23], «Сиз болайық, биз болайық, диабеттиң алдын алайық»[24], «Ўазыйпа-кеңпейиллик шеңберин кеңейтиў»[25]), Ш.Уснатдиновтың («Бас пенен көп иси

---

[21] Сонда. 16-июль №85 (18767) 2009-жыл
[22] Сонда. 26-март №37 (18719) 2009-жыл
[23] Сонда. 6-март №28 (18873) 2010-жыл
[24] Сонда. 6-ноябрь №133 (18971) 2010-жыл
[25] Сонда. 1-декабрь №145 (19139) 2011-жыл

болған…»[26]), С.Жаниевтың («Шегарасыз шыпакерлердиң шегара билмес хызметлери»[27]), Ж.Өтениязовтың («Мың шаңарақтың қәдирданы»[28]), Г.Турдышованың («Себеби табылса, еми де табылады»[29]) медицина темасы да актуаль, өзи де мазмуны терең болып, идеялық-тәрбиялық тәсири менен әҳмийетли. Олардың тәсиршеңлик шеңбери кең. Оқыўшы медицина темасы бойынша терең түсиникке ийе болады. Демек, көркем-публицистикалық жанрда материал таярлаў ҳәр бир газета оқыўшысында миллий сана, медициналық билим, кәсиплик этикадан сабақ бериў деген сөз.

Ҳәзирги ўақытта газетадағы «Медицина» рубрикасында дерлик ҳәр еки санның биринде материаллар жәрияланбақта. Ғәрезсизликтиң дәслепки жылларынан баслап бул рубрика астында тек информациялық характердеги материаллар жарық көрген болса, кейинги ўақытлары бул рубрика астында материаллар аналитикалық түсте жүзеге шықпақта. Оған қосымша, материалларға тән сүўретлер турақлы түрде берилип атыр. Бул пикиримизге мысал келтиретуғын болсақ, ------------------------------------------------------------ ----------------------------

[26] Сонда. 4-май №53 (18891) 2010-жыл
[27] Сонда. 21-июль №87 (19081) 2011-жыл
[28] Сонда. 23-апрель №50 (19044) 2011-жыл
[29] Сонда. 29-декабр №156 (19150) 2011-жыл

# II бап. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПАСӨЗИНДЕ «ШЫПАКЕР» ГАЗЕТАСЫ

## 2.1. Қарақалпақстан баспасөзиниң типологиялық бөлиниўинде медициналық басылымның орны

Бүгин биз демократиялық процесслерди тереңлестириў, халықтың сиясий белсендилигин арттырыў, пуқаралардың мәмлекетимиздиң сиясий ҳәм жәмийетлик турмысындағы әмелий қатнасы ҳаққында сөз етер екенбиз, әлбетте, мәлимлеме алыў еркин тәмийинлемей, ғалаба хабар қуралларын адамлар өзиниң пикир ҳәм идеяларын, жүз берип атырған ўақыяларға өзлериниң мүнәсибетин ҳәм позициясын еркин билдиреттуғын минберге айландырмай турып, бул мақсетлерге ерисип болмайтуғынын жақсы билемиз[30].

Ҳәр қандай жәмийет, ҳәр қандай мәмлекет өзиниң жәмийетлик-сиясий ҳәм эканомикалық турмыс дәрежесин, идеологиялық көз-қарасын халық арасына жетилистирип, беккемлеп барыў ушын көпшилик жағдайда журналистикаға сүйенеди. Журналист пенен жәмийеттиң өз-ара қатнасы, бирлиги қаншелли дәрежеде жақын болса, олардың жәмийетти раўажландырыўдағы хызмети соншелли жетилиседи.

Бүгинги күнде бизиң турмысымызда газета үлкен әҳмийетке ийе. Хәзирги заман газетасы өзиниң көп тиражлы, көлемли оперативлилиги менен парқ қылады. Ондағы ҳәр текст өзине жанрға ийе. Оған бас мақала, сиясий хабар, хроника, мақала, репортаж, очерк, фотосүўрет, каррикатура, коллаж, гүрриң, қосықлар жайласып, бир пүтинликти тәмийинлейди.

---

[30] «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириў ҳәм пуқаралық жәмийетти раўажландырыў концепциясы» атамасындағы Өзбекстан Республикасы Президенти И.Кәримовтың Өзб. Рес. Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы ҳәм Сенатының қоспа мәжилисиндеги баянаты. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы 16-ноябрь №137 2010-ж
«Өзбекстан Республикасы Ғәрезсизлигиниң 20 жыллығы алдынан Магистрантлардың илимий мақалалар топламы»нда (Нөкис-2011-ж)

1998-жилы Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў тараўында шөлкемлестирилген «Шыпакер» газетасы бүгинги күнде көплеген пуқаралардың медициналық жәрдемшисине, шаңарақтағы жақын жәрдемшисине айналды. Мине, он үш жилдан бери «Шыпакер» газетасы республикамызда әмелге асырылып атырған медициналық реформаларды, тараўда жүз берип атырған жаңалықларды кең көлемде сәўлелендирип келмекте. Кең жәмийетшиликтиң медициналық мәденияттың көтермей турып, тараўда үлкен жетискенликлерге ерисиў қыйын. Бундай үгит-нәсият жумысларын жүргизиўде ғалаба хабар қуралларының қатарына «Шыпакер» газетасының да орны гиреўли

## 2.2. «Шыпакер» газетасы: тарийхы, жанры, промлематикасы

Ғәрезсизлик шарапаты менен қысқа дәўирдиң ишинде республикалық газеталар менен биргеликте, турмыстың, халық хожалығының ҳәр бир тараўы өзиниң басылымларын шығарыў мүмкиншилигине еристи. Буған мысал етип, Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң «Шыпакер», Прокуратура хызметкерлериниң «Ғәрезсизлик ҳәм нызам», Ишки ислер министрлигиниң «Тынышлық сақшысы», Халық билимлендириў хызметкерлериниң «Устаз жолы», Салық хызметкерлериниң «Ғәзийне», Тәбиятты қорғаў уйымларының «Тәбият хабаршысы» ҳәм тағы басқа да газеталар шыға баслады. Солар қатары Қарақалпақстан Республикасы Денсаўлықты сақлаў министрлигиниң газетасы «Шыпакер» 1998-жылдың 2-декабринен баслап шыға баслады.

«Шыпакер» газетасының ҳәр бир саны өзгеше жаңа бағдарда шықпақта. Мәселен, газетаның 2010-жыл ---- санына шекем газета А-3 форматта шығарылды. Ал, 2010-жыл ----- санынан баслап А-4 форматта шығып атыр. Бул газета редакциясының излениўшилиги, дәўир талабы. Ҳәзир көпшилик «Даракчи», «Шифо-инфо», «Ташхис», «Медиа+», «Эврика» сыяқлы газеталарды оқыўға әдетленбекте. Олар бизиң аудитория ушын жаңаша газета. «Шыпакер» газетасы да усы усылды қоллаған болса керек деген ойдамыз я болмаса полиграфия машқалаларының бири болыўы итимал.

## 2.3. Газетада инсан саламатлығы тематикасына байланыслы рубрикалар

Басқа басылымлар сыяқлы «Шыпакер» газетасында түрли рубрикалар, арнаўлы бетлер, сәўбетлер, медициналық жаңалықлар, дүнья жүзи бойлап медицина әлеминде жүз берип атырған ўақыялар жәрияланып барылған. Соңғы ўақытлары «Шыпакер» газетасында медициналық хызметтиң хәр бир жөнелиси бойынша арнаўлы рубрикалар шөлкемлестирилген. Мәселен, жыллық санларын көзден өткергенимизде, бизиң нәзеримизге мынадай рубрикалар түсти: «Қарар хәм оның орынланыўы», «Күнниң темасы», «Саламатлық сырлары», «Ата-аналар мектеби», «Жас аналарға мәсләхәтлер», «Медицина тарийхынан», «Әхмийетли сәўбет», «Медицина әлеминде не гәп?», «Шыпакердиң хуқықый мәсләхәтханасы», «Билгениңиз-пайдаңыз», «Қәнигениң кеңеси», «Кәсиплесимизди қутлықлаймыз», «Яднама», «Тәбияттың өзи тәўип», «Сораңыз, жуўап беремиз» хәм тағы басқа да рубрикалары берилип барылмақта. Сондай-ақ, газета бетлеринде шығып атырған хәр қыйлы мазмундағы жоқарыдағы рубрикалар астында берилген мақалалар менен медицина әлеминдеги жаңалықлар, хәттеки «Күлкитерапия» менен медициналық кроссвордлар менен сканвордлар да газета оқыўшысының итибарын өзине тартады. Газетадағы материаллардың хәр қыйлы көринисте дизайнлық жақтан безетилиўи де газетаны және де тартымлы етип көрсетеди.

Газетадағы «Қарар хәм оның орынланыўы» рубрикасы болса, «Еркин Қарақалпақстан» газетасынан алынған. Себеби, бул рубрика сол газета ушын тән. Бизиңше, рубрикаларды туўрыдан-туўры көшире бериў аудитория ушын жалықтырарлы болады деп ойлаймыз. Мәселен, «-------------------------------------» деп аталған материалды «Еркин Қарақалпақстан» газетасынан алып жәриялаған. Медицина тараўы ушын жазылған материал газета ушын керек. Бирақ, бизиңше, бул жерде редакция жәмәәти материалдан пайдаланғанда өзинше жол таңлағаны мақул еди. Мәселен, интервью жанрындағы

материалды қайта ислеп, басқа формада бергенде утымлы шыққан болар еди. Бундай усыл шет ел басылымларына тән. Себеби, олар ҳәр бир сөзден пайдаланып береди. Бурыннан бар информациядан жаңа информация ислеп шығады.

Газетаның бүгинги редакциялық қурамы менен танысып қарағанымызда, газетада ислеўши хызметкерлер дерлик жоқ болғанлықтан, көпшилик мақалалар басқа басылымлардан көширип ямаса аўдарылып басылып атырғанлығын көриўимизге болады. Газетада ислеўши қәнигелескен журналист болмағанлықтан мақалаларда улыўмалыққа умтылып пикирлеў, яғный медицина темасынан шетлеп кетиў жағдайлары жүзеге келмекте.

Сондай-ақ, газетада жанрларға итибар жүдә аз. Газета хызметкерлери бул мәселени шешиўден гөре, газетаны шығарыў, тезирек оқыўшыларына жеткериў ўазыйпасы биринши орында екенлиги болса керек. Бирақ, солай болса да газетаның иллюстрациялық жақтан безелиўи басқа тараўлық газеталарға салыстырғанда алға илгерилегени көзге тасланады. Және бир айта кететуғын тәрепи, газетадағы «Әҳмийетли сәўбет», «Қәнигениң кеңеси» рубрикасында минберге шыққан қәнигениң тек те портрет усылда түскен сүўрети орын алған.

Деген менен газета бүгинги күни республикамыздағы тараўлық басылымлар арасында өз орнына ийе жетекши басылымлардың бирине айланды. «Көш жүре келе дүзеледи» дегениндей, дәслепки пайытлары жиберилген қәте-кемшиликлер бираз сапластырылды. Газета дизайны айрықша түс алды. Енди материаллардың әҳмийетлилиги, олардың қунлылығы, ҳеш ўақытта гөнермейтуғынлығы менен оқыўшылар санының көбейиўине еристи. Яғный, газетаның жүги бираз салмаққа ийе болды.

# III бап. ТӘЛИМ-ТӘРБИЯ ЖУМЫСЛАРЫНДА МЕДИЦИНА, ПЕДАГОГИКА, ПСИХОЛОГИЯ ИЛИМЛЕРИНИҢ ӨЗ-АРА БАЙЛАНЫСЫ

## а. Жаслар ҳәм медициналық мәдeният

Уллы жазыўшы А.П.Чеховтың «Өмиримше өзимдеги кемшиликлерден қутылыў менен шуғылландым», деген нақыл сөзи бар. Сондай-ақ тәрбия барлық жастағы адамлар ушын да тән нәрсе. Саналы адам еңсеси түсип еңкейгенге дейин, билимин жетилистирип, алға илгерилеўшилик пенен шуғылланады.

Деген менен тәрбия тийкарынан балаларға, жасларға арналады. Басқа сөз бенен айтқанда, барлық тәрбия түрлериниң ушласатуғын жери—ең дәслеп балалар, жас өспиримлер қәўими. Бирақ тәлим-тәрбия түрлериниң бәри бирдей бир мезгилде, бир көлемде жүргизилмейди. Тәрбияның ҳәр тараўына тән өзинше айрықшалығы болады. Оның ҳәр қыйлы түрин шынтлап қолға алатуғын мезгили, ўақты келеди. Айтайық, педагогика өзиниң тәрбиялық ҳәрекетлерин баланың нәресте ўақтынан, яғный бир жас пенен үш жастың арасында баслайтуғын болса психология баланың бөбек ўақтынан, яғный дүньяға шығып көзин ашқан күннен баслап оның тәрбиясын өз ғамқорлығына алады.

Ал, медицина бул ғамқорлықты оннан да бурын баслайды. Медицина пүткиллей баланың ана қурсағына питиўинен бурын оның келешеги ата-анасының денсаўлығы ҳаққында пәйик болады. Медицинаның ана қурсағындағы балаға болған ғамқорлығы, баланың айы-күни, толық дүньяға шығыўы ҳаққындағы мийнети өлшеўсиз. Солай етип, медицинаның ғамқорлығы адамның көлеңкеси сыяқлы туўылғаннан баслап, көзин жумғанға дейин өзи менен бирге болатуғын, адамгершиликтиң ҳақыйқат түри. Тәрбияның объекти—адам. Сонлықтан адамды қалай тәрбиялап, қалай оқытыў керек деген мәселени шешкенде педагогика адамның қәбилетлик

күшиниң раўажланыўының тәбияты менен нызамларын изертлейтуғын илимлер, яғный медицина, физиология, психология менен тығыз байланыслы болады. Демек, усы илим тараўларының жас әўладқа ҳәр тәреплеме тәрбия бериўдеги мақсети бир.

Адамның физиологиялық ҳәм психологиялық айрықшалықларына байланыслы баланың өсиў, қәлиплесиў жолы мынадай дўирлерге бөлинеди:

1. Бөбеклик дәўир (туўылғаннан бир жасқа дейин).
2. Нәрестелик дўир (бир жастан үш жасқа дейин).
3. Мектеп жасына дейинги дәўир (үш жастан жети жасқа дейин).
4. Мектеп дәўири (жети жастан мектепти питкергенге дейин).

Дүньяға жаңа келген бөбектиң гейпара рефлекслери ғана болады (тамақ, ҳәрекет, бағдар рефлекслери), бирақ күтә санаўлы болып келеди. Дәслепки шәртли рефлекслер бир айдың ишинде пайда бола баслайды. Мысалы, бир ўақытта аўқатланыўға (емиўге) байланыслы шәртли рефлекслер үшинши ҳәптеде белгили болады. Екинши айға аяқ басқанда баланың бойында барлық шәртли рефлекслердиң пайда болыўына мүмкиншилик туўады. Дәслеп еситиў, көриў, сезиў шәртли рефлекслери пайда бола баслайды. Оның пайда бола баслаўы менен бөбек дәўир аяқланады

Дәслепки ярым жыллықта мий қатламындағы тежеўдиң барлық түрлери көринеди. Бул жағдайдың тәрбия процеси ушын айырықша әҳмийети бар екенлиги белгили. Ярым жастан арман қарай балада серлеў рефлекслериниң раўажланыўы, қолдың әҳмийети, ҳәрекети, отырыў, ҳәрекет жасаў, дөгерегиндегилер менен байланысыўды керек етиўи көрине баслайды. Бул дәўирде олар үлкенлердиң сораўына жуўап қайтарыўға талапланады. Мысалы, «Куўыршақ қайда?» деген сораўларға басын бурып, көзин тигип, қолын шошайтып жуўап береди. Бир жасқа келген бала 10-12 сөзге түсинеди ҳәм оларды айта алады.

Баланың психологиясы бир жастан өте тез қәлиплесе баслайды. Буған оның тили шығып, жүре баслаўы имканият туўдырады. Бул дәўирдеги бала

хәр түрли керек болған нәрселерди өзи орынлаўға (тамақ ишиў, кийиниў хәм т.б. затларды таныўға) талапланады. Бала бирим- бирим хәр түрли затлардың тийкарын, айырмашылық белгилерин, тең қәсийетлерин аңғарады. Үш жастағы бала үлкенлердиң сөзин (әңгиме, гүрриң, қосық, ертек) тыңлаўға күтә хәўес болады. Бул жағдай сөзди тәрбия бериўдиң қуралы етип пайдаланыўда айрықша әҳмийетли. Сөз минез-қулықты тәрбиялаўда шешиўши рольге ийе бола отырып, тәрбияшыларға да үлкен ўазыйпаны жүклейтуғыны сөзсиз. Бул дәўирдеги балалардың сөйлеў активлигин арттырыў ушын, егерде адамлар олар менен удайына сөйлесип пикирлесип отырады.

Еки жасқа дейин бала бир-еки сөзлерден туратуғын жай гәплерди, еки жастан кейин еки сөзден туратуғын гәплерди пайдаланыўға талапланады. Жасы екиге толар ўақтында тилдиң раўажланыў дәўири басланады. Бул дәўирде бала ана тилиниң көлеминде бираз сөзлерди, атамаларды билип алады. Жақсы тәрбия алған баланың усы ўақытлардағы тил байлығы 800-1000 сөзге дейин жетеди.

Мектеп жасына дейинги баланың тийкарғы хәрекети-ойын, оның барлық минез-қулқының айрықшалықлары усы ойында қәлиплеседи. Мәселен, хәр қыйлы ойынлар баланың зейин, есин, ойлаўын қәлиплестириўде айрықша әҳмийетли болса, спорт, хәрекет ойынлары оның шаққанлығы, қол аяғы менен денесиниң хәрекетин қәлиплестиреди. Турпаты сымбатлы болады. Кәдели ойынларда белгили тәртиплерди сақлап ойнаў баланың тапқырлығын, сезгирлигин, зейинлигин өсириўи менен қатар еркин, сезим процесслерин де раўажландырыўға тәсир етеди. Ойынларды дурыс шөлкемлестириў, тәртибин қадағалаў, тәрбиялық әҳмийети бар ойынларды шөлкемлестириў тәрбияшылардың тийкарғы ўазыйпаларының бири.

Усы жастағы балаларда мийнет етиўге қумарлық (үй жумысы, сүўрет салыў, саз ылайдан, пласталиннен фигуралар соғыў, түрли затларды курастырыуга хәўеслениў) күтә көп көп көзге түседи. Буның да баланың психикасын раўажландырыўда айрықша әҳмийети бар.

Мектеп жасына дейинги бала өзиниң тили менен бир қатарда екинши тилди де аңсат үйрене алатуғын тәжирийбеде көп ушырасады. Бизиң елимизде көплеген миллетлердиң балалары өзиниң екинши ана тили ретинде рус тилин үйренбекте.

Бул баланың ҳәртәреплеме раўажланыўында үлкен әҳмийетке ийе екенлиги белгили. Атақлы психолог Л. С. Выгодский: «еки тилди қатарына үйрениў баланың акыл-ойының раўажланыўына зыянын тийгизбейди, ал керисинше, оның ой-өрисин кеңейтеди, тил байлығын арттырады, ойлаў қәбилетин арттырады»,- деген еди. Еки тилди үйренген баланың ақыл-ойы менен тилиниң раўажланыўының қандай болатуғынын мына бир мысалдан жақсы көриўге болады. Бир грузинниң шаңарағында балаға жасынан рус және грузин тиллери теңдей үйретилген. Бул тиллерди үйретиўде мынадай принцип қолланылған. Шаңарақтың бир ағзасы еки тилдиң бирин үйретиў менен ғана шуғылланады да, бул ўакытлары шаңарақтың басқа ағзалары бала менен рус тилинде ғана сөйлеседи. Бала дәслеп сөйлей баслаған да грузин, рус сөзлерин араластырып айтса, еки жастан өткенде ҳәр тилди өз орнына пайдалана баслайды. Грузин сөзин өзи менен грузинше сөйлескен адамға қолланып, рус сөзин русша сөйлескенде ғана пайдаланған. Үш жаста бала еки тилди араластырмай сөйлеўге урынған. Хәр тилде сөйлесетуғын еки киси менен бирге отырғанда ол бир түсиникти қайталап, яғный екинши тилге аўдарып, еки адамға жуўапты еки тилде, айта алатуғын дәрежеге дейин жеткен. Бундай мысаллар Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанда да ушырасады.

Бул мысалдан балаға екинши тилди үйрениў үлкен қыйыншылық туўдырылмайтуғынлығын ҳәм оның сөз запасына, тилиниң тазалығына ҳеш қандай зыян келтирмейтуғынын, онын үстине буның өзи жас баланың ақыл-ойының раўажланыўына қолайлы екенин көриўге болады.

Биз комплекли тәрбияның әҳмийетли, мөлдир булақтай таза тараўы болып есапланатуғын жаслар ҳәм медициналық мәдeният мәселесине айрықша дыққат аўдарыўды мақул деп таптық.

Ҳәзирги ўақытта кең түрде алғанда бул мәселеге күтә жақын ямаса тиккелей қатнасы бар, медицина, психология, социология, философия, журналистика, математика, әдебият маманлары, мәдений ғайраткерлери елимизде жеткиликли. Бирақ солардың көбиси усы ўақытқа дейин жақынлық (жыныслық) тәрбия мәселесине үркип қарайды. Халыққа оның күтә кереклисин биле тура, оны ашықтан-ашық сөз етиўди елеге дейин уят көреди.

Соның салдарынан бизиң гейпара жасларымыз усы мәселе ҳаққында әллекимлердиң надурыс көз-карасларынан үлги алатуғын ямаса пүткиллей адамгершиликке байланысы жоқ, мәдениятқа он қайнағанда сорпасы қосылмайтуғын ширик дүньядан «тәлим» алады.

Бурыннан сал-санамызға сиңип қалған үрип-әдет бойынша ерли-зайыплының қатнас жақларын додалаўға болмайтуғын еди. Усыған байланыслы балалар тәрепинен қойылған сораўға гейпара тәрбияшылар: «Бундай мәселени билиў еле саған ерте»,—деп тоқ еттиреди, ал айырым ата-аналар бул сөзди аўызға алыўдың өзи пүткиллей кеширимсиз гүнә деп санайды. Ешейинде ақылы менен кеңесин аямайтуғын жаны ашыр үлкенлерден бул мәселе ҳаққында қанаатланарлық жуўап ала алмағаннан кейин жасларымыздың бул жөнинде тийисли түсиникти көшеден излейтуғыны сөзсиз. Мәселен, арнаўлы жүргизилген изертлеўлерге қарағанда, ер балалардың 90 проценти, қызлардың 50 процентке шамаласы жыныслық мәселе ҳаққында пүткиллей бийхабар болатуғынлығы белгили болған[31].

Бала-шағалы болыў ушын, шаңарақ қурыў ушын китаптан оқып мағлыўмат алыўдың неге кереги бар! Бир неше әсирлерден бери ата-бабамыз онысыз да күнин көрип, әўлад қалдырған жоқ па? Бизлер де солардан өсип-өнгенбиз, олай болса, енди жыныслық тәрбия деген не бәле?—дейтуғынлар да гезлесип қалады. Усындай терис пикирге бас ийип, қол қаўсырып жүрип, халық арасында усындай тәрбия түрин жүргзиўди бираз болса да кеширтирип алғанымыз рас. Бундай немқурайдылық пенен терис пикир жаслар тәрбиясына зыянын тийгизетуғынлығы сөзсиз.

---

[31] И.Қарақулов «Қырық сораў» китабы. Нөкис «Қарақалпақстан» 1986-ж. 16-бет.

Бүгинги күнде мәмлекетимиз сиясатында да жаслар тәрбиясы, саламат келешек мәселеси күнниң әҳмийетли мәселесине айланып, бул бағдарда жаслар арасында ерте турмыс қурыўдың ақыбети, жасларды турмысқа таярлаў, шаңарақта саламат орталықты қәлиплестириў темаларында республикамыз бойлап жоқары ҳәм орта арнаўлы оқыў орынларында, мектеплерде ҳәм басқа да мәкемелерде ушырасыў кешелери, семинарлар, дөңгелек стол әтирапында сәўбетлесиўлер өткерилмекте. Онда жаслар өзлерин қызқтырған сораўлары менен ашықтан-ашық еркин түрде медицина ҳәм басқа тараў қәнигелерине мүрәжат етип, жуўаплар алмақта. Тәрбияның медициналық тәрепи бойынша түсиниклерин қәлиплестирмекте.

Улыўма алғанда халықтың мәденияты артқан сайын медициналық тәрбияға байланыслы мағлыўматлар да көбейе баслайтуғын сыяқлы.

Жәнеде биз жаслар арасында секиден киятырған зыянлы үрип-әдетке ҳәм басқа соған қусағанларға қарсы гүрес жүргизип, оларды биротала сапластырыўға тырысыўымыз керек.

Булардың ишинде адамның денсаўлығына ең қәўиплилери, бизиңше темеки шегиўшилик, мәскүнемшилик, наркоманлық ҳәм мешкейлик.

Зыянлы әдетлердиң ишинде темеки шегиўши адам баласына зыяны бәринен де аўыр. Себеби, темеки шегиў халық арасында ең көп тарқалған әдет. Айтайық, наркоманлық ҳәзир жер жүзинде (әсиресе ҳаяллар арасында) аз ушырасады. Мешкейликтиң салдарынан болатуғын тоқшылық аўырыўы турмысы төменлердиң арасында болмайды. Арақ ишиўшилик нағыз мусылманлар ҳәм вегетарианлар арасында ушыраспайды дейтуғын болсақ темекиге дин де, турмыс та бөгет бола алған емес[32].

Темеки шегиўшиликтиң халық арасында, сондай-ақ үйреншикли әдетке айналып кеткенине бәримиз де гүўамыз. Мысалы бир жас әке еки баласын балалар бақшасына алып киятырып, тротуарда турып, бес жасар баласының аяқ кийимин жөнлеўге кирискенде қолындағы темекисин қайда қоярын

---

[32] И.Қарақулов «Қырық сораў» китабы. Нөкис «Қарақалпақстан» 1986-ж. 152-бет.

билмей, үлкен баласының аўзына тықты. Баланың, әкесине еликлеп түтинди бурқыратып турғанлығын көрип, екиншиси де: «Маған! Маған!»—деп жылай баслағанда әкеси, темекини үлкениниң аўзынан алып, кишкенесиниң аўзына салғанын көзимиз бенен көрдик: «Балаларым түтинге шақалар-аў, жөтелер-аў»—деген әке болмады.

«Үмитсиз шайтан болсын» дегендей, ең қыйын деген космос та қолымызда, алыс деген ай да алақанымызда турғандай, темеки мәселесин тез арада сапластырыў да онша қыйын бола қоймас. «Аўырыў батпанлап киреди, мысқаллап шығады»,—дегенди еске алсақ, темеки мәселесин де ўақыт шешеди деген үмитимиз мол.

Мәскүнемшиликке қарсы гүресиў илажлары бизиң елимизде қатаң қолға алынды. Ҳүкиметимиздиң бизиң турмысымыздан бул социаллық бәлени пүткиллей аласлаўға бағдарланған 2011-жыл 5-октябрьде «Алкоголь ҳәм темеки өнимлериниң тарқатылыўы ҳәм де қабыл етилиўин шеклеў ҳаққында» 25-статьядан ибарат Өзбекстан Республикасының Нызамы шықты ҳәм ол 2012-жыл 6-апрельден баслап өз күшине кирди. Нызамның мақсети алкоголь ҳәм темеки өнимлериниң тарқатылыўы ҳәм де қабыл етилиўин шеклеў бойынша мүнәсибетлерди тәртипке салыўдан ибарат. Нызам пуқаралардың денсаўлығын, ең дәслеп, жигирма жасқа толмаған шахслардың денсаўлығын алкоголь ҳәм темеки өнимлерин қабыллаўдың зыянлы тәсиринен, соның менен байланыслы социаллық ҳәм басқа да кери тәсирлерден қорғаўға, сондай-ақ жәмийетте саламат турмыс тәризин қәлиплестириўдиң шөлкемлестириўшилик ҳәм ҳуқықый негизлериниң жаратылыўы менен әҳмийетли.

Бирақ, арақтың кесапаты еле де аз емес. Мақтанышлы мәдениятымызға, кеңнен раўажланып баратырған хожалығымызға, адамлардың денсаўлығына оның тийгизип атырған зыянының көп екенлиги ойландырады.

Буннан 700 жыл бурын араб елиниң уламасы Абдул Фараж: «Шарап ишиўши адамда төрт түрли кеўил йошы болады: дәслеп ол өзин тоты қустай сезеди де көкирегин көтереди, ҳәр қыйлы тәсир менен қораздай болып қоқыраяды, оннан кейин оның минези жылдам өзгерип, маймылдай ыржаңлап

күле береди, буннан кейин арысландай айбатланып, менменсинеди, мақтанады, өзин көп ўақытқа дейин күшли сезеди, ең соңында ол шошқаға айналып, доңыздай батпаққа аўнап жатады»,— деп жазған.

Мәскүнемшиликтиң адамды аздырып, әбден тоздыратуғын бир жери оын есинен айырып, жилли болыўға апаратуғынлығы. Биз бир адамның аўырыў тарийхын баянлап өткенди мақул көрдик. Бир жигиттиң жасы 37 де екен. Сыртынан қарағанда жақсы кийинген, еки баланың әкеси. Аўырыўдың асқынлағаны соншелли, аўзына спиртли ишмлик тийиўден көзине ҳәр түрли қорқынышлар, бәлелер елеслеп, олар менен алысып-жулысып, берекети кетеди екен. Кем-кемнен ол бәлелер жыланға айналып, үйин қаплап кетеди, шаян болып шағып, тышқан болып тислеп, кейинирек қасқыр болып талап, әбден жаман ҳалға жеткенде қара терге түсип, қалтырап, дирилдеп қалады екен. Енди бәлелерди өзине айдап әкелетуғын оның көзине еки баласы болып көринген. Айтылған «жаўлары» талап, бир неше мүшелерин жулып жеп атырғанда жаны ышқынып, буларды басқарып, алып келип атырған «душпаны» еки балам менен ҳаялым деп, соларды қалай да есабын таўып, өлтирсем деген нийетке кеткен. Ақырында балалары уйықлап жатқанда билдирмей еки баласының басын шаўып ала қояйын деп, балта алып умтылып, ғамланып киятырғанын үйинде қонып отырған қонақ билип қалып, еки баласын аман сақлап қалған.

Ҳаялының айтыўынша, ерин айыплаўға болмайды, ал тийкарында жаман адам емес, шаңараққа, жолдасқа, ағайинге, адамгершиликке бир адамнан кем емес, оны қуртқан тек арақ ҳәм арақхор жолдаслары. Ҳаялы усы сөзлерди айтқанда жылап, көзиниң жасын тыя алмады. Суп-сур түринен, жүдеген келбетинен өзиниң де денсаўлығының нашарлағаны анық көринип тур. Нервисиниң тозғанлығы соншама ҳаял көз жасын тоқтата алмай узақ жылады. Соннан кейин ғана өзиниң усыннан бир жыл бурын ҳүрметли атаққа миясар болғанын, кейинирек үйиндеги шатақтан, күйеўиниң мәскүнемшилигине байланыслы жумысынан кемшилик табылып, себепсиз кешиккени ушын администрация тәрепинен ескертиў алып, аўҳалының бираз төменлегенин

айтты. Әкеси өлтиремен деп, еки көзи қызарып, тисин қайрап, балта менен дөнип келген күннен баслап, бир баласының еси аўып емлеўханада жатырғанына бес айдан асып кетипти[33].

Жәмийет ушын, инсан саламатлығы ушын, әсиресе елимиздиң ертеңги келешеги болған жаслар ушын күтә қәўипли болған мәскүнемшлик иллетин сапластырыўда бәршеге усы мысалдың өзи жеткиликли болар деп есаплаймыз.

Кейинги 30-40 жыллық ишинде раўажлана баслаған зыянлы әдетлердиң бири—мешкейлик, гөрқаўлық. «Жалқаўлық деген жақсы екен, жатып ишер ас болса» дегениндей, гейпара адамлардың ақылға муўапық талап етиўди умытып, қанаатсызлыққа, гөрқаўлыққа жол бериўи де жәмийет ушын кери иллетлердиң бири.

Артық салмақ соңғы ўақытлары ҳаяллар арасында 50 проценттен, еркеклер арасында 30 проценттен, жас өспиримлер арасында 10 проценттен аса баслаған сыяқлы. «Атың жемхор болса, қудайдың бергени, қатының жемхор болса қудайдың урғаны»,—дегендей ҳаяллар арасындағы семизлердиң көбиси бираз жағдайсызлыққа алып бармақшы. Семиз ҳаяллар, биринشиден, тәбият берген сулыў сымбатынан айырылса, екиншиден, дүньядағы тар кийим шақ келмей, арнап кийим тиктирип, үйин артық шығынға ушыратады.

Жасларды ҳәртәреплеме тәрбиялаў—бүгинги күнниң үлкен ҳәм әҳмийетли ўазыйпаларының бири. Бул ҳаққында өзимиздиң билгенлеримиз бенен ойлап жүргенлеримизди усы магистрлик диссертация жумысымызға киргизгендей болдық. Бирақ көп тараўлы медициналық тәрбия мәселесин бундай бир ғана илимий жумыс пенен толық қамтыў мүмкин емес. Тек солардың баслы-баслыларына айрықша тоқтап, толығырақ сөз етиўге урындық. Айтарымыз, бүгинги күнниң талабына ылайық өмир сүрип, мийнет еткиси келген ҳәр бир излениўши алымлар менен изертлеўшилердиң, публицистлер менен жазыўшылардың, өндирис алдыңғыларының тәрбия мәселелерине арналған мийнетлерин көп оқып, үйренип барыўы керек.

---

[33] И.Қарақулов «Қырық сораў» китабы. Нөкис «Қарақалпақстан» 1986-ж. 162-63-бет.

«Тоқсан аўыз сөздиң тобықтай түйини бар»—дегендей, жоқарыда айтылған гүрриңлеримизди жуўмақлағанда былай деймиз: бизиң елимизде қандай нәрсе болса да инсан ушын, инсанның ийгилиги ушын исленип атырғанлығын барлық ўақытта есте сақлап, пүткил өмиримиз бенен исимизди соған ылайықлы қура билиў керек. Себеби, бизиң жекке өмиримиз ҳәм жәмийетлик өмиримизден пүткил елимиздиң өмири қуралады.

Жуўмақлап айтқанда, медицина, педагогика, психология илимлериниң тәрбия жумысындағы байланысы күтә керекли нәрсе. Сонлықтан да усы тараўларда ислейтуғын қәнигелер бир-бирине пайдалы тәсирин тийгизбесе, бир-бириниң жумыс усылын тереңирек билмесе ҳәм барлық жағынан өзлери жасларға үлги болмаса, келешекте жаңа адамды тәрбиялаўда ойдағыдай етип жолға қойыўы мүмкин емес.

## 3.2. Медициналық мақалалардың тили

Ҳәр бир шығарманы дөретиўде тилдиң сөзлик қурамынан шебер ҳәм орынлы пайдалана билиў үлкен әҳмийетке ийе. Қолланылған сөзлердиң мәнилериниң сәйкеслиги ҳәм бир-бирине үйлесимли келиўи гәптиң мазмунын келтирип шығарады. Бул ҳаққында филология илимлериниң докторы, профессор Е.Бедимуратов былай деп жазады: *«Публицистикалық стильдиң көпшилик халық массасына қаратылыўы, жоқары идеялылығы, халыққа үгит-нәсиятлылық характери менен тәсир етиўшилиги, оның пүткил қурылысының, соның ишинде лексикалық элементлериниң де анық ҳәм түсиникли болыўын талап етеди»*[1]. Демек, бунда публицистикалық шығармаларыдағы лексикалық бирлик, сөзлердиң, гәплердиң оқыўшыға түсиникли ҳәм анық болыўы кереклигин айтады.

Биз магистрлик диссертациямыздың бул бабында публицисттиң шығармаларының тилине кеңирек тоқталып өтпекшимиз.

Медициналық материаллар тилиниң көркемлиги, онда қолланылған лексикалық бирликтиң хызмети, автор тилиниң ширелиги усы бапта сөз етиледи.

---

[1] *Бердимуратов Е.* Әдебий тилдиң функциональлық стиллериниң раўажаланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. Нөкис, «Қарақалпақстан» 1973, 67 Б.

### 3.3. Публицистикада медициналық терминлер

Публицистикалық стильдиң лексикасында жәмийетлик-сиясий терминлер үлкен орынды ийелейди. Терминлер белгили бир турмыс тараўына ғана тийисли, сол тараўда жийи қолланыўы менен өзгешелип туратуғын сөзлердиң бир бөлими. Олар арнаўлы түрде қолланылатуғын бир мәнили лексикалық элементлерден ибарат.

Қарақалпақ тилиниң жәмийетлик-сиясий терминологиясы орыс тилинен ҳәм орыс тили арқалы басқа тиллерден кирип келген терминлер арқалы байыған десек те қәтелеспеймиз.

Биз, магистрлик диссертациямызда публицистикада медициналық терминлердиң қолланылыўына да тоқтап өткенди мақул көрдик.

Кейиги жыллары медицинаның айырым тараўлары бойынша русша-өзбекше, русша-латынша-өзбекше түсиндирме сөзликлер жаратыла баслады. Бунда әлбетте, медицинаның теориялық ҳәм әмелий тараўларындағы көплеген алымлар, тәжирийбели профессор-педагоглар ҳәм шыпакерлердиң хызметлери айрықша.

Өзбек, қарақалпақ тилине Мәмлекетлик тил бийлиги берилиўине байланыслы кейинги жыллар даўамында Республикалық терминологиялық комитеттиң медициналық атамалар секциясы усынысы менен тийкарынан фармацевтика ҳәм дәрилик өсимликлерге арналған бирнеше терминологиялық сөзликлер баспадан шыққан.[34]

Рети келгенде соны айтып өтиў керек, медицина сөзликлеринде де «атама» ҳәм «термин» сөзлери қолланылмақта. «Атама» сөзин тийкарынан, дене, түсиник, нәрселер, үй-жайлар ҳәм басқаларды түсиндириў ушын, «термин» сөзин болса пән, техника, сиясат, мәдeният, көркем-өнер, философия, ҳуқық, демократия, медицина, саўда-сатық, банк ҳәм қаржыға байланыслы ҳәмде басқа тараўлардағы арнаўлы түсиниклер, морфологиялық жасалыўлар, химиялық бирикпелер, препаратларды түсиндириў ушын

---

[34] Ё.Тўрақулов, Н.Абдуллаев «Тиббиёт қомуси луғати» Тошкент-1994. 285-бет

қолланыў дурыс болады. Терминлер илимий тийкарда, тийкарынан, латын, грек сөзлери негизинде дүзилип келинген. Солай етип, «атама», «термин» түсиниклерин өз орнында дурыс қолланыў мақсетке муўапық болып табылады.

Медицина хызметин жақсылаў бойынша ойға алған нийетлеримиз көп, соларды иске асыра алсақ, сол ўақытлары өзиңиз бенен және бир сәўбетлесермиз…

«Мийирбийке» дегенимиз бул «мийирман бийке» дегенди билдирсе керек. Сол ушын «медсестра» дегенди аўдарсаң «медбийке» деп алғанымыз дурыс. Қулласы, гәп тек бир мийирбийкеде турған жоқ. Емлеўханалар поликлиникалар, клиникалардағы түсиник, үгит-нәсият формасындағы жазыўлардың, даналық гәплердиң аўдармаларындағы, жазыўлардағы яки орфографиялық қәте-кемшиликлери жөнинде болып тур.

Бул мәселеде бир шешимге келип алыў шеп болмас еди. <Бунның ушын мен терминология мәселеси менен шуғылланатуғын алымларға көбирек исенемен. Орта бууын медицина хызметкерлериниң атқаратуғын хызметине қарай қәнигелик атлары: фельдшер, акушерка, медицина статисти ҳ.т.б. солардың бири күни кешеге шекем «медсестра» деп атаўға үйренип қалған қәнийгелер. «Ҳамшира» сөзиде жақсы. «Мийирбийке» дейтуғын болсақ, түп-тийкары биринши дүнья жүзилик урыста госпитальларда хызмет еткен «сестра милосердия» лар еске түседи. Олар умытпасам, урыс шәраятында қысқа курслардан тысқары арнаўлы медициналық билимге ийе болмаған. Ал, «медбийке» сөзин ислетиўге келсек «бийке» дегенде үй бийкеси (домохозяйка) түсинилетуғындай. Врач пенен шыпакер, емлеўхана менен кеселхана сөзлеринде қатарынан ислетип жүрмиз. Турмысымызға енип кеткен самолет, ручка, автомобиль, телефон, аэропорт, вокзал, инженер сөзлерин де ҳеш ким қаракалпақшалаўға талапланып атырған жоқ қусаған. Атаманың бир тәртипте түскени жақсы бирақ баслы мәселе сол атамадағы қәнигениң жумыс

ислеўинде деп ойлайман. Ал, емлеў мәкемелериндеги жазыўлардың қәте-кемшиликлерине келсек, ырасында да қәте, шала жазыў оны оқыған адамда ирениш сезимин туўғызады. «Жазарын жаздық-ғой» деп орынларда немқурайдылық болған болыўы мүмкин, бирақ исендирип айтаман, бул исте дыққаттан шетте қалмайды. <Бунның ушын медициналық үгит-нәсият бойынша тийкарғы илажларды атқаратуғын бурынғы «Денсаўлық» Орайы ҳәзирги «Саламатлық» Институтының филиалы мәкемелерин иске қосамыз.

## 3.4. Журналистика ҳәм медицинада профилактикалық бағытлар

Республикамызда денсаўлықты сақлаў тараўы алдыңғы бөлимлеримизде айтып өткенимиздей, ғәрезсизлик жылларында мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Нәтийжеде емлеў ҳәм санитариялық-профилактикалық мәкемелер тараўы кеңейди, маман қәнигелер жыл сайын көбейип бармақта. Ең баслысы, бүгиниги күнде пуқаралар қәнигелескен орайларда, емлеўханаларда өз денсаўлықларын қайта тиклемекте. Ҳәттеки, аўыл халқы да қалаға ҳәлек болып жүрмей, өз аймағындағы аўыллық шыпакерлик пунктлеринде медициналық тексериўлерден өтип, емлениў имканиятына ийе болды.

Санитариялық қадағалаў, санитариялық-гигиеналық, пропаганда жумыслары менен санитариялық-эпидемиологиялық станциялары, Саламатлық ҳәм медициналық статистика институтының «Саламат турмыс тәризин қәлиплестириў» бөлими шуғылланбақта.

Денсаўлықты сақлаў тараўы заманагөй медициналық әсбап-үскенелер, жүдә күшли тәсир етиўши дәри-дәрмақлар менен тәмийинленгенликтен, шыпакерлер наўқасларды толық емлеўине мүмкиншиликлер бар.

Усыған қарамастан, айырым адамлар елеге шекем тәўиплерге қатнап, өзлериниң қымбатлы ўақытларын өткерип жибереди. Нәтийжеде, бундай наўқаслардың жүдә кеш келиўи ҳәм надурыс емленгенлигинен оның саўалып кетиўи қыйын болып атырғанлығын турмыста көрип атырмыз.

Медицинадан пүткиллей хабары жоқ тәўиплер, ҳәтте адам организминиң анатомиялық дүзилисин билмегенликтен кеселликти илимий көз-қараста жақсылап тексермейди, дурыс емлеў ушын жан күйдирип мийнет етпейди ҳәм дәртти қоздырыўшы тийкарғы себепти билмейди.

Керисинше, тәўиплер өзлеринше түрли шөплерден дәрилер таярлайды, оларды барлық кеселликлерге шыпа береди деп гәп тарқатады.

Аңқаў аўырыўлар усы дәрилерди ишип өз кеселликлерин аўырластырып жибереди. Гейде қымбатлы ўақытты өткерип жибергенлигинен бундай

ауырыўларды медицина мәкемелеринде де толық емлеў мүмкиншилиги болмай қалады.

Әдетте тәуиплер хәр қыйлы наркотик затларды ишиўди яки қан алдырыўды буйырады. Бул емлеў усыллары санитариялық-гигиена қәделери сақланбаған ҳалында исленеди.[35]

Бул жерде тәуиптиң жарақатланған, сүйеги сынған яки шыққан адамларды «емлеў усылы» ҳаққында айтып өтиў орынлы. Тәуип бундай адамлардың бууынларын сирестирип байлап таслаўды буйырады. Нәтийжеде нормал қан айланыў процесси бузылады ҳәм наўқастың кеселлиги жәнеде аўырласады. Наўқастың қолы ямаса аяғы қысып байланғанлықтан қан айланысы бузылып, аяқ-қоллары ислемей қалады. Бундай усыл менен даўаланған адам емлеўханаға кеселлигин асқынлатып алып, жүдә аўыр аўҳалда түседи, гейде операциядан кейинде кеселлик белгилери қалады.[36]

Уллы өзбек шайыры Әлишер Наўайы тәуиплерди тәрийплеп мынадай деген еди: «Надан тәуип – жәлладтың шәкиртидур, жәллад надан тәуиптен тәуир, ол өлимге хүким етилгенлерди өлтиреди, ал тәуип болса, гүнасыз инсанларды өлтиреди». Ҳәзирги күнлери де айырым қала ҳәм аўылларда жақсы түсинбейтуғын адамлардың тәуиплерге барып, өз аўҳалын аўырластырып атырғанын көрип ҳайран қаласан.

Тәуиплер арасында сынған сүйекти емлеў жүдә кең тарқалған. Олар сынған сүйекти төмендегише «емлейди». Сынған қол яки аяқты еки адам тартып турады, соңғы сынған сүйектиң әтирапына тақталарды қойып беккем таңып таслайды. Тәуиптиң емлеў усылы усы. Бирақ бундай усыл менен емленген адамлардың аяқ-қоллары ислемей қалады.[37]

Емлеўхананың травматология бөлиминде жатқан 13 жасар Умматали деген бала тәуиплер ҳаққында мыналарды айтып берди: «Ешектен жығылып қолым сынды. Әкем мени дәрҳал тәуипке алып барды. Тәуип аяғын қолтығына тиреп, қолымнан тарта баслағанда аўырыў зардабынан есимнен

---

[35] Т.Хасанов, С.Қасымов «Тәуипке исениў—өмиге зыян» Нөкис, «Қарақалпақстан» 1983.4-бет.
[36] Сонда.
[37] Сонда.

танып қалдым. Есиме келип қолымды таңып таслағанын көрдим. Үш ҳәптеден соң қолымды ашып еди, қыйсық питкен екен. Бир күнлери әкем басқа тәуипке апараман деди. Ол бурынғы тәуипке қарағанда күшлирек деди. Мени түнде алып барды. Ол қолымды қайтадан сындырып, соң дүземекши болды. Шыдап болмаслық аўырыўдан мен және есимнен танып қалдым. Усылай етип арадан 40 күн өтти. Қайсы көзим менен қарасамда қолым бурынғысынан қыйсығырақ болып питкен еди. Мениң бахтыма врачлар бар екен».[38]

Усы жерде бир сораў туўылады. Тәуиплер өз нәпси ушын ҳәр түрли алдаўлардан қашпас екен, неге айырым адамлар өз тәғдирлерин, перзентлериниң өмирлерин оларға исенип тапсырады екен? Усындай адамларға әпиўайы бир ҳақыйқатты еслетиўге туўра келеди.

Адамлар жығылса ҳәм өзин жаман сезсе, қолы ямаса аяғы жарақатланса, дәрҳал шыпакерге алып барыўы керек. Бундай адамларға тек медицина мәкемелеринде ғана дурыс ҳәм жақсы жәрдем бериледи.

«Денсаўлық, аманшылық болса, барлық нәрсениң де илажы табылады» деп жасы үлкен ата-аналарымыз мудамы нәсиятлап жүреди. Ҳақыйқатында да денсаўлық-теңи-тайы жоқ байлық. Дени саў, ақылы дурыс адамның алмайтуғын таўы, шықпайтуғын шыңы жоқ. Шайыр Ж. Дилмуратов;

«Кең әлемде гезгениң,
Алдағаны сезгениң,
Сөзден маржан дизгениң,
Барлығы денсаўлықта.

Келисикли айбатың,
Шырай-көркиң, саўлатың,
Тасқынлаған ғайратың,
Барлығы ден саўлықта-екенлигине барлығымыз да исенемиз.

[38] Сонда. 8-бет.

Машақатлы ҳәм жуўапкерли кәсип ийелери шыпакерлерди медиицина хызметкерлерин ҳүрметлеп «ақ халатлы өмир сақшылары» деп тилге аламыз. Өз гезегинде бул пидайы инсанлар да бийтаплардан уқыбын, күш-жигерин аямайды. Аўыр наўқаслардың әтирапында ата-анасындай пәрмана болып, меҳрийбаншылық көрсетеди, саўалған бийтаплардың еске түсириўинде үлкен шынлық бар;

Анамның қолындай меҳрийбан бир қол,
Жағымлы тийгенде аштым көзимди,
Қарасам емлеўши врач екен ол,
Ғамқор болып қорғап қалған өзимди

**Б. Қайыпназаров.**

Өз исине шын берилген ҳадал шыпакерлер; наўқаслардың саўалыўына көп күш-жигер жумсайды. Мийнети нәтийже берип, аўыр наўқаслар саўалып, бойына диңке енип, көзлери бахыт ҳәм табыстың гилти болған денсаўлық, өмир қуўанышы жайнаса, олар туўысқанындай қуўанады:

«Егер қыйналсам мен, сен де қыйналдың,
Өмирим ҳаққында узак ойландың,
Тәўир болғанымда қуўанып қалдың,
Туўысқан инимдей болып баўырман»

**Ж. Дилмуратов.**

Россиялы шыпакер, профессор Я.Л.Цивьянның «Хирургтың жүрек сөзлери» (Исповедь хирурга) китабында «таныcларым бийтап болып қалады, бийтаплар таныс болып қалады» дегенди оқығаным бар. Ҳақықатында да басы аўырып, балтыры сызламайтуғын адам болмайтуғынлығы себепли шыпакерлер менен неше мың адамлар таныс болып қалмайды дейсиз. Шыпакерлер олардың барлығының аты-жөнлерин еслеп жүре алмаўы мүмкин. Бирақ саўалған бийтаплардың ҳәр бири, туўысқан-туўғанлары оларды еслеп жүреди, атларын умытпайды. Арадан нешше жыл өтсе де гәптиң орны

келгенде сол меҳрийбан шыпакерлердиң аты менен байланыслы болған ўақыяны еске түсиреди.

Медицина хызметкерлери тек кеселликти емлеў менен шекленбестен, олардың алдын алыў, сапластырыў жумыслары менен де пуқта шуғылланады. Халықтың денсаўлығын қорғаўшы шыпакерлерге қандай мақтаў сөзлер айтсақта, қандай ҳүрмет көрсетсек те орынлы болады:

«Сен жүрген жерлерге жақынламас дәрт,
Ҳәтте өлим қашар ақ ҳалатыңнан.
Узақ өмир ушын гүресиўши мәрт,
Саўалдым мен сениң шарапатыңнан».

**Б. Қайыпназаров.**

Қара жерди қайра-қайра басып жүрген жигерли жастың қәпелимде наўқасланыўы үлкен тәшўиш. Күнделикли жумыс, оқыў, турмыс ғалма-ғалынан шетлеў-өмирдиң мәнисин де кемейтеди. Наўқаслықтан айығыў-сүйикли кәсипке, меҳрийбан ата-ана, туўысқанлар, дослар арасына қайтыў деген сөз. Бундай жағдайда шықпас жанға себепши болған шыпакерлерге мынадай алғыс айтқанымыз жүдә дурыс:

«Тағы қайтып келдим сүйген исиме,
Жасаў мүмкин емес мийнетим сенсиз.
Маған қайта өмир берген кисиме,
Алғысым таўсылмас, ҳүрметим шексиз»

**Б. Қайыпназаров.**

«Қайта аралаттың өмир гүлзарын,
Мейли саған болсын жүректе барым,
Ҳасла дәрт көрмегей алтын қолларың
Өмир гүзетшиси, рахмет саған».

**Ж. Дилмуратов.**

Ҳәммемизге белгили: барлық шыпакерлер теңдей өз исине шын берилген, ҳадал, билгир болып келе бармейди. Турпайы сөзлери, пәс

қылықлары менен наўқаслардың дәртине дәрт жамайтуғын шыпакерлер де табылады.

Әпиўайы халықты менсинбейтуғын бундай медицина хызметкерлери өз минез-қулықларын өзгертиўге, кәсибине қызығыўшылығын арттырыўға умтылса екен.

«Күшиңди сарып етип емлеў исине,
Жеткенше асығып наўқас кисиге,
Машина жоқ жерде елдиң ишине
Дәри-дәрмағыңды бөктерип кеттиң…

Кеселин анықлап емин бергизип,
Аўыр қәстелерге диңке енгизип,
Бир көринсек болар еди дегизип,
Халыққа қәдириңди өткизип кеттиң».

Халық шайыры Байнияз Қайыпназаровтың қәлемине тийисли бул қосық қатарлары аты аңызға айналған шыпакер Оразымбет Халмуратов естелигине арналған. Жәнеде бул инсан ҳаққында:

Гиппократ—медиклердиң көсеми,
Оннан кейин Ибн Сина деседи…
Ҳәким Улықпаны қарақалпақтың,
Оразымбет Халмуратов кешеги…

**Әскербай Әжиниязов.**

Халық арасында «Халмурат доктор», «Қанатлы доктор», «Қаҳарман шыпакер», «Қарақалпақтың ҳәким улықпаны» деген сый-ҳүрметке ерискен үлкемиздиң биринши докторы Оразымбет Халмуратов[39] өзиниң айрықша шыпакерлик таланты, уқыбы менен халықтың ҳүрметине бөленип өткен инсан. Халықтың ҳүрмет иззетине, исенимине елимизде оның ҳақыйқый избасарлары, халқына қәдирли шыпакер ул-қызлар көплеп жетилип шыққай.

---

[39] А.Нурниязов «Үлкемиздиң биринши шыпакери». «Шыпакер» газетасы №22 (287) 2010-ж. 18-бет.

-----------------------------------------------------

Бул диссертация жумысымыздың «Тәлим-тәрбия жумысларында медицина  педагогика, психология илимлериниң өз-ара байланысы» деп аталған үшинши бабын ҳәр тәреплеме тәрбия тараўының әлипбеси көлеминде ғана мағлыўмат беретуғындай дерек болды деп қабыл еткен мақул болар.

Әлбетте, бир адамға сонша мәселеге керекли болған нәрселерди баспасөз материалларының, әсиресе түрли-түрли мағлыўмат беретуғын китапларсыз, энциклопедиялардың материалысыз үлгерип биле бериў мүмкин емеслиги оқыўшыларға белгили. Соның менен бирге күнделикли газета, журнал, радио, телевидение хабарларын да, халық аўзындағы мағлыўматларды да, рәсмий ҳүжжетлерди де өзимше мақсетке муўапық пайдаландым. Бирақ, биз басқалардың үлесине қол суғыў нийетинен пүткиллей аўлақпыз, ал керисинше оларды мақтаныш етип, мийнетлеринен өзиндегидей келтирип басқаларға танытыў, халық ийгилигине жаратыў, өз пикирлеримизди қуўатлаў ретинде ғана пайдаланып отырмыз. Ал енди усы мәселеге арналған баҳалы мийнетлердиң барлығын да пайдаландық, өз ойымызда сақлаған сырларды толық айта алдық, деўге әлбетте, аўзымыз бармайды.

# Ж У Ў М А Қ Л А Ў

Бүгинги күнде мәлимлемелер ағымы барған сайын артып атырған процессте халқымызды, әсиресе жасларды миллий менталитетимизге, қәдириятларымызға, Ўатанымыздың миллий мәплерине қайшы келетуғын зыянлы идея ҳәм тәсирлерден қорғаў барған сайын үлкен әҳмийетке ийе болмақта.

«Бүгин, журналист аудиторияның ҳәр бир ағзасына қарата, оның санасына, руўхыятына тәсир жасаў арқалы пүткил жәмийетке тәсир жасаўы керек. Демек, журналист пүткил жәмийетшиликке мәнаўият, әдеп-икрамлылық көрсетпелер бериўши, жәмийет руўхыятына диагноз қойыўшы, оны жақсылықларға талпындырыўшы ўазыйпасын өтейди»[40]. Ҳақыйқатында да, журналист ой-пикирди қәлиплестириў арқалы жәмийетшилик сана-сезимине тәсир етеди. Сол арқалы адамларды пуқаралық жәмийет талапларына жуўап беретуғындай етип, түрлише пикирдеги адамлардың ой-өрисин жәмлеп, олардың интеграцияласыўына хызмет етеди.

Жуўмақлап айтқанда, журналистика тараўы, оның дөретиўши бас қаҳарманы болған журналистлер ҳәр қандай жәмийетлик дүзимде де ҳәкимият органлары менен жәмийет ағзалары ортасындағы дәнекер, ҳәр қандай жүз берген ўақыяларға өзиниң жеке көз-қарасы ҳәм мүнәсибетлерин билдириўши, Ўатан мәпин, халық бирлигин жырлайтуғын статусқа ийе, ҳәр тәреплеме жетилискен қәниге болыўы тийис.

Биз изертлеп үйренген республикалық «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм тараўлық «Шыпакер» газетасында медициналық билим бериў бағдарында басқышпа-басқыш избе-излилик бар.

1. Мәмлекетимизде қабыл етилип атырған Нызам ҳәм қарарлар өз ўақтында қадағалап барылады. «Президент қарарлары ҳәрекетте», «Қарар ҳәм оның орынланыўы», «Талап ҳәм

[40] В.В.Ворошилов «Журналистика» С.Петербург 2001 159-бет.

жуўапкершилик» рубрикалары астында мақалалар, сәўбетлер, есаплар турақлы түрде жәрияланады.

2. Бул рубрикалар инсан мәплерин қорғаўдағы әҳмийетли илажларды сөз етиўге бағдарланған.
3. Медицина темасы әҳмийетли тема болғанлықтан, мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Бул тараўды сөз етиўде ҳәр қыйлы жанрларда материаллар жарық көрмекте.
4. «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм «Шыпакер» газеталары өз оқыўшыларының сырлас досты. Сонлықтан редакцияларға хатлар келмекте. Халыққа медициналық мәденият мәселелери бойынша түсиник жумысларын жеткериўде редакцияға келген хатлар тийкарында изертлеў жумыслары алып барылады.
5. Оқырманлардың хатлары менен ислесиўде редакцияларда турақлы рубрикалар бар.
6. Халыққа медициналық билим бериўде изертлеў жумысымызға тийкар етип алған газеталарда жетерли билим ҳәм тәжирийбеге ийе кадрлар өсип жетилисти.

Қарақалпақстан баспасөзинде, соның ишинде республикалық «Еркин Қарақалпақстан» ҳәм тараўлық «Шыпакер» газетасында инсан саламатлығы мәселеине байланыслы материаллардың сәўлелениў дәрежеси жоқары деген жуўмаққа келдик. Әсиресе «Шыпакер» газетасы тараўлық газета болғанлығы ушын ол көбинесе өзиниң тараўын үгит-нәсиятлаўға умтылады.

Жумысымыз нәтийжеси соны келтирип шығарды, медицина темасы еле бизде толық дәрежеде раўажланбай атыр. Сонлықтан журналистлер бул темада жетерли қәлем тербетип атырған жоқ. Сондай-ақ, медицина бойынша қәнигелескен журналистлер жоқ. Солай болса да бул тараў бойынша дөретиўшилик пенен шуғылланып атырған журналистлер санаўлы. Олардан баспасөзде П.Хожамуратова, Б.Караматдинова, С.Жаниев, К.Пирназарова,

Г.Турдышова, телевидениеде Л.Сейданова, Л.Есемуратова, радиода Д.Аманлепесоваларды атап өтсек болады.

Журналистлеримиз медицина темасын еледе көбирек ҳәм кеңирек жәриялаў имканиятын излеп, кәсиплик шеберлигин жетилистириў керек. Себеби, денсаўлық бийбаҳа байлық болғанлықтан мәмлекетлик сиясат дәрежесинде қаралып келинбекте. Инсанлар саламат болса ғана жәмийет саламат болады. Саламат орталықта камалға келген перзентлеримиз келешекте елимиздиң беккем қалқаны болары анық.

Магистрлик диссертация жумысым бойынша кимдедур усы мийнетти жазғаныңа кеўилиң тола ма?—деген сораў туўылса, толады да, толмайды да деп жуўап берген болар едим. Толмайтуғынының себеби темада көтерилген мәселениң көлемине муўапық тап ойлағандай болып шықпайыўында. Ал кеўлим толды—дегенимниң себеби аз ба, көп пе, қулласы, ойда жүрген бир қатар пикирлерди ашық айтып, ойларыңызға салғаным, мийнетимниң көпшиликтиң додалаўына түсиўи бир табыс. Усы диссертация жумыс пенен танысып шыққанлардың көпшилиги бундағы көтерилип атырған халыққа пайдалы мәселелердиң келешек қуўатлаўшылары деп түсинемиз. Бул да аз табыс емес.

## Изертлеу жумысында қолланылған терминлер сөзлиги

**Медицина** — адамлар денсаўлығын сақлаў ҳәм беккемлеў, өмирин узайтыў, keselliклердиң алдын алыў, емлеў ҳаққындағы билимлер ҳәм усы тараўдағы әмелий илажлар жыйнағы.

**Профилактика** — аўырыўдың алдын алыў ҳәм денсаўлықты сақлаў

**Гигиена** — денсаўлықты сақлаў, аўырыўдың алдын алыў туўралы илим

**Наўқас** — бир кеселликке шатылған адам. Амбулатория наўқасы – поликлиника ямаса үйде медициналық жәрдем алатуғын адам. Стационар дизиминен шығарылған наўқас – стационардан шығарылған ямаса ол жерде қайтыс болған адам.

**Эпидемиология** — эпидемиялық кеселликлерди үйрениў туўралы илим

**Санитариялық-эпидемиологиялық станция (СЭС)** — санитария-эпидемиология хызметин әмелге асырыўшы қәнигелестирилген мәкеме комплексиниң бир бөлеги. Республикалық, ўәлаятлық, қалалық, районлық СЭСлери, сондай-ақ, суў транспорты, авиация транспорты СЭСлери болады. СЭС сыртқы орталықты саўалландырыў, илажлары үстинен санитариялық бақлаўын орнатады; жуқпалы, паразитар, ҳәмде кәсипке байланыслы кеселликлердиң алдын алыў, оларды сапластырыў, дереклерин жоқ етиў илажларын әмелге асырыў ушын арнаўлы медициналық шөлкемлестириў хызметин көрсетеди.

**Санитариялық қадағалаў** —кәрхана, мәкеме ҳәм айырым шахслардың эпидемияға қарсы санитариялық норма ҳәм қағыйдаларын орынлаўды қадағалап туратуғын система. Санитария-эпидемиология станциясы мәкемелери тәрепинен орынланады. Ескертиўши санитариялық қадағалаў – турақ жайлар, кәрхана ҳәм административлик мәкемелерди жаңадан ямаса қайта қурыў мақсетинде дүзилген жойбар ҳәм режелер санитария нормасы ҳәм қағыйдалары тийкарында дүзилгенлигин қадағалап турады. Күнделикли санитариялық қадағалаў – санитариялық-эпидемиологиялық станциясы хызметкерлери тәрепинен ислеп турған объектлер үстинен алып барылатуғын күнделик режели ямаса режеден тысқары санитария қадағалаўы болып табылады.

**Медициналық статистика** — емлеў-профилактика мәкемелери хызметин есапқа алыў, есабат дүзиў, олар хызметин санлар, арнаўлы формула ҳәм есаплаў усыллары жәрдеминде статистикалық анализ етиў, ҳүжжетли есабат

формалары, түрлерин дүзиў, оларды басқарыў ҳәм қадағалаўды әмелге асырыў.

**Наркотик затлар (наркотиклер)** — тийкарынан орайлық нерв системасына тәсир етип, мәс ететуғын затлар; дәри сыпатында қолланылмайды. Наркомания (бәңгилик) жағдайын келтирип шығарады. Сол себепли ол наркотик затларды қадағалаўшы турақлы комитет тастыйықлаған дизимге киргизилген.

**Реанимация** — клиник өлим жағдайындағы адамларды тирилтиў, бахытсыз ҳәдийселер, кеселлик ҳәм оның асқыныўлары нәтийжесинде өмир ушын керекли болған органлардың тосаттан жоғалған ҳәм өзгерген функцияларын тиклеў ушын тезлик пенен көрилетуғын илажлар жыйнағы. Реанимацияға жүрек массажы, жасалма дем алдырыў, қан қуйыў ҳәм басқа да илажлар киреди.

**Гиппократ анты** — шыпакер минез-қулқының қысқаша сыпатламасы. Ант шыпакерлерди өз ўазыйпасын ҳадал атқарыўға, әдеп-икрамлы, пәк ҳәм садық болыўға шақырады. Ески Грецияда шыпакерлер мектебин тамамлағаннан кейин Гиппократ антын қабыл еткен.

**Педиатр** — балалар денсаўлығын қорғаў, олардың кеселликлерин анықлаў, алдын алыў ҳәм емлеў мәселелери менен шуғылланыўшы жоқары мағлыўматлы қәниге.

**Диагноз** — кеселлик характери ҳәм наўқастың жағдайы ҳаққындағы қысқаша медициналық шешим. Кеселликтиң кешиўин наўқастан сорап билиў, кеселлик белгилерин ҳәр тәреплеме үйрениў ҳәм басқа кеселлик белгилерине салыстырыў тийкарында диагноз қойылады.

**Аргумент –** латын. тастыйықлау тийкары сыпатында хызмет етиуши логикалық дәлийл.

**Жанр** - бул ғалаба хабар қураллары текстлериниң улыумаластырылған ҳәм типлестирилген формасы болып, уақыяларды, ҳәдийселерди, процесслерди сәулелендириудиң көркем ҳәм публицистикалық формасы.

**Идея** -журналистлик дөретпе мазмунының және бир әҳмийетли элементи болып, мазмунды қураушы қалған элементлерин бир-бири менен байланыстырыуды тәмийинлеуши шығарманың доминантасы. Идея актуал, социаллық әҳмийетке ийе болыуы керек.

**Интервью.** Инглис тилинде interview-ушырасыў, сәўбет деген мәнисти билдиреди. Интервью бул журналисттиң (репортердың, баслаўшының) атақлы шахс, илимпаз, қәниге, яки әпиўайы адам менен болған сәўбети есапланады.

**Интервью–портрет** интервью жанрының бир түри болып, мүмкиншилиги болғанынша сәўбетлестиң характерин ашып бериуди алдына мақсет етип қояды. Үлкен жанрлар болған очерк, аналитикалық бағдарламалар ҳәм телефильмлердиң де компоненти болады. Интервьюдиң бул түринде тексттен тысқары, вербал емес информация да әҳмийетке ийе болып табылады.

**Информациялық интервью** темаға байланыслы мағлыўматлар ҳәм пикирлер алыўға қаратылған.

**Композиция** - (латын тилиндеги «composition» сөзинен алынып, «жайғастырып қойыу», «дүзиу»-деген мәнисти билдиреди) ғалаба хабар қуралларының ҳәр қыйлы каналларынан берилиуши текстли материаллардың архитектоникасы, қурылысы, дүзилиси болып табылады.

**Конфликт -** журналистлик дөретпе мазмунының элементи сыпатында өзиниң маңызы жағынан проблемаға жақын. “Конфликт” сөзи латын тилиниң «conflictus» сөзинен алынып, «соқлығысыу, қайшы келиу» дегенди билдиреди. Журналистлик дөретпеде конфликттиң критерияларын анықлау мақсетинде изертлеушилер оған мына сорауларды қояды:
«Конфликтте ким қатнасып атыр (адам, топар, өндирислик коллектив ҳ.т.б.)?
Конфликтке себеп болған нәрсе (экономикалық мәплердиң, ведомстволық позициялардың, әдеп-икрамлық нормаларының қайшы келиуи)?
Ҳәдийсе қай жерде ҳәм қашан жүз берген?
Конфликтти шешиу усыллары қандай?»

**Машқалалы интервьюде** ҳақыйқатлықты жүзеге шығарыўда журналист позициясы әҳмийетли болып, алға қойылған проблема ҳаққында ол сәўбетлесинен кем билмеўи керек болады.

**Проблема** –журналистлик дөретпениң тийкарын қураушы элементлерден бири болып, ол тек бир факт емес, ал, фактлер системасын сәўлелендиреди ҳәм өзинде қурамалырақ структураны жәмлейди. Проблема менен проблемалық жағдай бир нәрсе емес. Биринshiси екиншисинен келип шығады.

**Репортаж** - күнделикли турмыс ўақыяларын сәўлелендириў, белгили бир ўақыя ҳаққындағы журналистлик материал, - деп анықлама берилген сөзликлерде. Французша reportage-мәлимлеў, латын тилинде reporto- хабар бериў дегенди аңлатады. Репортаждың тийкарғы белгиси - хабаршының өзи ўақыяның гүўасы болыўы керек.

**Сюжет** - журналистикада автор пикириниң рауажланыу барысы, уақыялар системасы, актуал проблеманы қойыу ҳәм оны шешиу процессин билдиреди. Журналистлик дөретпеде сюжет кеңейтирилген ҳалда берилмейди. Оның структурасында материалдың басы ҳәм соңы үлкен әҳмийетке ийе. Бул жерде ҳәрекет жуумақланбайды.

**Тема** - автор сөз етиуши уақыяның тийкары есапланған ҳәм оның идеялық мақсетин анық иске асырыу қуралы хызметин атқарыушы уақыяларға, процесслерге, ҳәдийселерге, фактлерге айтылады. (Олардың қатарына аудиовизуал сюжетлер, конфликтлер, сенсациялар да киреди).

**Факт** - деп, ҳақыйқат, анық бир мәрте жүз берген уақыя, ҳәдийсеге айтылады. Оның статистикалық материаллық ҳәм цитаталық түрлери болады. Журналист ҳәр қыйлы күнделикли ҳәм илимий фактлер менен ислеседи.

# Пайдаланған әдебиятлар ДИЗИМИ


И.Каримов. «Юксак маънавият енгилмас куч». Т.«Маънавият» 2008-й., «Энг асосий мезон-ҳает ҳақийқатини акс эттириш»Т.«Узбекистон»2009-й.

И.Каримовтың 2005-жыл 8-ноябрьдеги ПФ-3678 санлы «Ғәрезсиз телерадиоканалларды реформаластырыў ҳәм раўажландырыў иләжлары ҳаққында»ғы пәрманы.

И.Каримов. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириу ҳәм пухаралық жәмийетин рауажландырыу концепциясы». 2010-жыл,12-ноябрь.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2006-жылы 14-февральда «Өзбекстан миллий телерадиокомпаниясының жумысларын шөлкемлестириў иләжлары ҳаққында»ғы қарары

В.В.Ворошилов .Журналистика,учебник,.Изд.Михайлова В.А.СПб.2004г.

Князев А. А. Основы тележурналистики и телерепортажа. http://evartist.narod.ru. Учебное пособие2001

Рэндаль.Д.«Универсальный журналист» Алматы-1996.

Нестеренко. Ф. П.,Эрназаров.К.Т.,Маматова.Я.М.Труд журналиста: профессионализм, творчество, мастерство. Ташкент-2002., 26-стр

М.Мухаммедов, Е.Файзиева,В.Авляева. Телевидение асослари.Т.«Ворис-нашриет»-2009.

Аудиовизиуал журналистиканинг долзарб муаммолари.илимий мақалалар топламы.Ташкент-2008.46-бет

Қозоқбоев.Т. .Журналистика асослари. Ташкент-2007.


## ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ:


1. Абдимуратов А. «Қайыпбергенов публицистикасы: тематикасы, проблематикасы ҳәм өзгешеликлери». Т., 1998.
2. Балакаев М. Тил мәдениети және қазақ тилин оқытыў. Алма-ата. 1989.
3. Байниязов К.А. Мусаевтың шайырлық стилиниң өзгешеликлери. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1972.
4. Бердимуратов Е. Әдебий тилдиң функциональлық стиллериниң раўажаланыўы менен қарақалпақ лексикасының раўажланыўы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1973.
5. Бердимуратов Е., Дәўлетов А. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.
6. Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.
7. Будагов Р.А. Литературные языки и языковые стили М., qoyu.
8. Виноградов В. В. Итого обсуждение вопросов стилистики. Вопросы языкознания. М., 1980.

9. Гвоздев А.Н. Очерки по стилистике русского языка. М., 1958 , 19 Б.

10. Головин В.Н. Основа культура речи. Москва, «Высшая школа», 1980.

11. Гринковой Н.П. Изучение языка писателья. Ленинград, 1957.

12. Дәўлетов А. Тил билими тийкарлары. Нөкис., «Билим»., 2007. 121-бет.

13. Жумаханова Н. Ш.Уснатдиновтың журналистлик шеберлиги. Н., 2004

14. Қунғуров Р., Бегматов Э., Тажинов Е. Нутқ маданияти ва услубият асослари. Тошкент, «Ўқитувчи», 1992.

15. Миртожиев М., Махмудов Н. Тил ва маданият. Тошкент, «Ўқитувчи», 1992.

16. Муминов Ф. Журналистика ижтимоий институт сифатида. Тошкент, «Университет».1998. 27 Б.

17. Ерелине М. И. О языке художественной прозы. Москва, «Наука», 1987.

18. Палўанов Б. Қарақалпақ әдебиятында эссе жанры (Т.Қайыпбергенов публицистикасы тийкарында). Н., 2008.

19. Оразымбетова З.Қ. Қарақалпақ күнделикли баспасөзи тилиниң қәлиплесиўи (1924-1940-жыллар газета материаллары тийкарында). Канд.дисс. Нөкис., 2006.

20. Оңғарбаев Қ. Ө.Өтеулиев публицистикасында журналистлик шеберлик мәселеси. Н., 2009.

21. Розенталь Д.Э. Культура речи. МГУ, 1964.

22. Розенталь Д.Э. Язык и стиль средств массовой информации и пропаганды. МГУ, 1980.

23. Сағитов И. Бердақтың творчествосы, Нөкис, «Қарақалпақстан», 1958.

24. Султанов Қ. Т. Қайыпбергеновтың прозасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.

25. Қайыпбергенов Т. Фамилия. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988.

26. Қайыпбергенов Т. Көздиң қарашығы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1986.

27. Қайыпбергенов Т. О дүньядағы атама хатлар. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1992.

28. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ қызы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 4 - том, 1980.

29. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақнама. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1985.

## Пайдаланылған әдебиятлар дизими:

### I. Өзбекстан Республикасы президенти И.Каримовтың пәрманлары ҳәм қарарлар:


1. И.Каримовтың 2005-жыл 8-ноябрьдеги ПФ-3678-санлы «Ғәрезсиз телерадиоканалларды реформаластырыў ҳәм раўажландырыў иләжлары ҳаққында»ғы пәрманы.

2. И.Каримовтың 2009-жыл 1-апрельдеги ПФ-1088-санлы «Өзбекстан миллий телерадиокомпаниясы структурасында жоқары технологиялы телерадиоүскенелерденпайдаланыу нәтийжелигин және де асырыу иләжлары ҳаққында»ғы қарары.

3. Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2006-жылы 14-февральда «Өзбекстан миллий телерадиокомпаниясының жумысларын шөлкемлестириў иләжлары ҳаққында

4. Ўзбекистон миллий телерадиокомпанияси тизимидаги телевидение мухандислик-техника лавозимларнинг малака тавсифлари ва ходимларига қўйиладиган асосий малака талаблари. Ўзбекистон миллий телерадиокомпанияси қарори.Ташкент-2009


### II. Өзбекстан Республикасы президенти И.Каримовтың баянатлары ҳәм мийнетлери:


1. И.Каримов. «Мәмлекетимизде демократиялық реформаларды және де тереңлестириу ҳәм пухаралық жәмийетин рауажландырыу концепциясы». 2010-жыл,12-ноябрь.

2. И.Каримов. «Юксак маънавият енгилмас куч». Т.«Маънавият»2008-й.,

3. И.Каримов . «Энг асосий мезон-ҳает ҳақийқатини акс эттириш» Т.«Узбекистон»2009-й.

4. И.Каримов. «Янгича фиклаш ва ишлаш-давр талаби». T.V.-Т,:Узбекистон.1997.


### III. Илимий-теориялық әдебиятлар:

1. Аудиовизиуал журналистиканинг долзарб муаммолари.илимий мақалалар топламы.Ташкент-2008.46-бет

2. В.В.Ворошилов.Журналистика,учебник,.Изд.Михайлова В.А.СПб.2004г.

3. Князев А. А. Основы тележурналистики и телерепортажа. http://evartist.narod.ru. Учебное пособие2001

4. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги.1-том.”Қарақалпақстан” баспасы, Нөкис-1982-жыл.

5. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги.2-том.”Қарақалпақстан” баспасы, Нөкис-1984-жыл.

6. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги.3-том.”Қарақалпақстан” баспасы, Нөкис-1988-жыл.

7. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги.4-том.”Қарақалпақстан” баспасы, Нөкис-1992-жыл.

8. Қозоқбоев.Т..Журналистика асослари.Ташкент-2007.

9. Мухаммедалиев.Ҳ.Ценарийнавислик маҳорати.Ташкент-2009.

10. .М.Мухаммедов,Е.Файзиева,В.Авляева.Телевидение асослари.Т.«Ворис-нашриет»-2009.

11. Нестеренко.Ф.П.,Казем.М.,Маматова.Я.М.Луғат-маълумотнома:Журналистика,Реклама,Паблик Рилейшнз:1700 та атама.Ташкент-2003.

12. Нестеренко.Ф.П.,Эрназаров.К.Т.,Маматова.Я.М.Труд журналиста:профессионализм, творчество, мастерство.Ташкент-2002.

13. Ожегов С.И.,Шведова Н.Ю.Толковый словарь русского языка.4-е изд.Москва-2006.

14. Рэндаль.Д.«Универсальный журналист»Алматы-1996.

15. Туракулов Х.А.,Берданова Ф.,Муратбаева А.Илимий дөретиушилик методологиясы

16. Фихтелиус.Э.Радио ва телевидение журналистикаси асослари.Журналистиканинг 10 қоидаси.Ташкент-2002.

**IV. Питкериу қәнигелик жумыслар:**

1. Алламбергенова. П.Қарақалпақстан телевидениесиниң жанрлары: темалар, журналистлик қатнас ҳәм раўажланыў принциплери (2000-2006 жыллар)диссертация, Ташкент-2007ж.

**V. Газета-журналлар:**

1. «Еркин Қарақалпақстан» газетасы, 2009-жыл, 24-декабрь

2. «Садо» газетасы,«Телерадио тизимининг ҳуқуқий асоси такомиллаштирилмоқда».Наргис Қосимова,24-февраль.2011-жыл

3. «Узбекистон матбуоти»илимий журналы,2010-жыл,3-саны.

**VI. Интернет сайтлары:**

1. http://evartist.narod.ru/

2. melnitser@yahoo.com

3. Http// Rambler.ru